ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№181 (22.839) • 2014 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 9, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЩIэщыгъуэт икIи удэзыхьэхт

● «Кавказ Джэгухэр-2014»

«Шэджэм псыкъелъэхэр» гупум хэт Молей Алихьан КИФЩIм и тхьэмадэ Меликов Сергей «ФIэхъус апщий!» жреIэ.

Кадыров Рамзан бгъэдэтщ КъБР-м и вице-премьер Фырэ Русланрэ Iащхьэмахуэ районым и тхьэмадэ Малкаров Аслъэнрэ.

«Кавказ Джэгухэр-2014» фестивалыр фокIадэм и 7-м IэшIэн Республикэм и къалащхьэ Грозныр, Билимханов Сулътан и цIэр зезыхьэ стадионышхуэм, щекIуэкIащ.

ФИГУ къэдгъэкIыжьыщи, Кавказ Ищхъэрэм иужьрей илъэсхэм къыщрахьэжьа мы IэхъуГъуэ щхьэпэм и япэрей зэхуэсыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу Хьэбз районым къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. КъыкIэлъыкIуэ гъэм, «Кавказ Джэгухэр» Черкесск игъэIэпхъуащ. 2012 гъэм а зэпеуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык щызэхэтащ, еплIанэр нэгъабэ Псыхуабэ щекIуэкIащ.

Фестивалым хэтын мурад яIэу, Грознэм дэт стадионыльхуэм къекIуэлIэ хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ пщэдджыжьым жьыуэ зыкъаужьащ. Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа хьэщIэхэр спорт-щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ щызэпеуэн мурад яIэу щызэрихьэлIа мыпхуэдэ зэхуэсышхуэ IшIэшэн Республикэм я нэгу щыщкIуэкIыр къэплъитэмэ, абы и лэжьыгъэр мамыру, зэпIэзэрыту къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ бысымхэм ялэжьар мащIэкъым.

Хабзэхъумэ IэнатIэм Iутхэм ирагъэувэкIа щIэзыпщытыкI дэкIыпIэхэр къызэдэкIри, стадион ихьэпIэм дынэблагъащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа журналистхэм хуабжьу ди гуапэ хъуащ фестивалым щIидзэн и пэ кIихуэу, Грознэм дэт стадионышхуэм къыщыIуа макъамэхэм ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм яйхэри зэрахэтар. Абы-хэм закъыхиукъуэдикIыу нэхъ лъэщыжу макъ къэIуащ - хъыбар дагъащIэрт махуэшхуэм иращIыкI гуфIэгъуэ теплъэгъуэм зэрыщIидзэмкIэ.

Хужьрэ пльыжьыкIэ зэщыхуэпыкIа-уэ, нэщхъыфIагъэр я нэгу къыщыуцутыкум къихьа сабийхэр дгъэщIэгъуэну дыхунэсатэкъым, абы и ужькIэ ныбжьыщIэ нэхъыбэж стадионым къыщыхутам. КуэдыкIейуэ къэунэхуащ фащэ щхьэжкIэплъыкIэхэр зэщIэпщIыпщIэжу къызыщыдыдыкI щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ. Абыхэм яхэтт, псысэ тельъыджэм къыхэкIа фIэкIа умыщIэну, псэушхьэ теплъэ зиIэхэри.

Махуэм и пэщIэдзэр уфарэ тIэкIу хуэщIыIэтыIэу къыщIэкIами, зэхьэжьхэшхуэм къекIуэлIа псоми я нэфIэгуфIагъэм кIуэтэку нэхъри зэръэужьым гу лъыптэрт. Зыр адрейм яужь иту стадионым къихьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэм хиубыдэ хэгъуэгуэм я къэфакIуэ-уэрэджьыакIуэ ансамблхэр: япэщIыкIэ Шэшэн Республикэм, абы кIэлъыкIуэу Ингушым къикIа артистхэр, ещанэу - дэнэ щIыпIи куэд щIауэ къыщащIыкIу «Кабардинка» гуп цIэрыIуэм хэтхэр, адэкIэ - Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм никIаехр. Псоми я лейуэ, «дыдейхэм» ягъэзэщIа къафэ теплъэгъуэр удэзыхьэхт, уи гур хэзыгъахъэт. Ди артистхэм апхэдизкIэ уардэу утыкум зыщагъаэзрти, «ярэби, ди мылъэпкъэгъуэхэми абы гу лъамытэу пIэрэ?!» яхуэжьпIэрт.

Махуэшхуэм зэрыщIидзэм и щыхьэту, «Кавказ Джэгухэм» я бэракъыр, абы иужькIэ щIыналъэхэм я ныпхэмрэ гербхэмрэ утыкум кърахьащ.

Къызэхуэсахэм фIэхъус гуапэкIэ зыхуагъэзащ Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзан, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IэхъухэмкIэ и министр Кузнецов Лев, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Меликов Сергей, УФ-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Нагорных Юрий сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Гъэ къэс дыдэхэзыщэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ зэпеуэ-фестивалхэм Кавказым щыпсэу лъэпкъэм къаехIа спортсменхэмрэ гъуэзджэм и лэжьакIуэхэмрэ зэрыщIэзхуэзэм, абыхэм я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэм нэхъри зэрызригъэужьым щэч къытетхьэркъым, - жиIащ Кадыров Рамзан. - Шэшэн Республикэм и япэ президент Кадыров Ахьмэт-хьэжьы къыхигъэщIрейт, укъызыхэкIа лъэпкъыр зэрыбгъэпажэн хуейр щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ, щIэныгъэ зэгъэгъуэтынымкIэ, спортымкIэ зыIэрыбгъэхьэ ехъулIэныгъэхэрауэ зэрыщытыр. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм зэщхьу куэд зэрызэлъыми гу лъытэгъуейкъым. Нобэ Грознэм щыдихьэщIэ дэтхэнэми гуфIэгъуэрэ гузэгъэгъуэрэ ди деж щызыхащIэну сахуохъуахъэ.

- Кавказыр мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я щIыналъэу зэрыщытым и щыхьэтщ, иужьрей зэманым щIэх-щIэхьыурэ КИФЩIм-м къыщызэрагъэпэщ фестивалхэр, - къыхигъэщащ и псалъэм Кузнецов Лев. - Къищынэмыщ Iауэ, мы Iуэхугъуэм гъэ къэс нэхъри зыкъызэрызэщIиIэтэр и щыхьэтщ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкIи, спортым щызыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэмкIи беягъэшхуэ зэрабгъэдэлъым.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Утыкум къохьэ КъБР-м и лIыкIуэхэр.

● Пресс-конференц

IэнатIэм зеужь

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ иджыблагъэ пресс-конференц иригъэкIуэкIащ и нэIэм щIэт IэнатIэм щызэфIагъэкIаэхэмрэ адэкIэ къапэщылъхьэмрэ ятеуухуауэ.

2011 гъэм зи лъабжьэр ягъэтIилъауэ щыта Перинатальнэ центрыр ухуэн зэрыщIадзэжам теуухуа хъыбар гуапэмкIэ къызэIуахащ зэIущIэр.

- Мылъкур зэрытхуримыкъуам къыхэкIыу Перинатальнэ центрым и уху-ныгъэр къэувыIауэ щытащ, - жиIащ министрым. - Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм зегъэужьыным хуэунэтIа программэщIэм дызэрыхэхуам ипкъ иткIэ, федеральнэ мылъкум къыхэкIыу сом 1 мелардрэ мелуан 288-рэ къытхуауэ тIыпщынущ, а ухуэныгъэр и кIэм нэдгъэсын папщIэ. Абы къищынэмыщIауэ, республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 300 абы хилъхьэнущ. Мы зэманым центрым и унэм и къатитIыр хьэзырщ, адэкIи ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр йокIуэкI.

Шэтыр тепсэлъыхьащ медицинэм и гъэцIэдэз къудамэм зегъэужьыныр нобэ республикэм узыншагъэр хъумэн и IэнатIэм гулъытэ нэхъ зыщыхуащIхэм ящыщу зэрыщытым. Иджыпсту къаIэн нэхъыщхьэу яIэр къуажэхэм щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэр егъэфIэкIуэнырщ.

- Республикэм и щIыналъэм и процент 70-р къуажэхэращ зыхуэзэр, щэч хэмылъуи, ди цIыхухэм я нэхъыбэр щыпсэуар аращ, - къыхигъэщащ абы. - Зэман гъунэгъум къриубыдэу фельдшер-акушер пункту 40 къызэрагъэпэщынущ. Къуажэ зыбжанэм апхуэдэ IуэхущIапIэхэр къыщызэIуахакIэщ. Ар зэфIэкIмэ, амбулаторэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзауэ зэгъэпэщыжьым щIэддзэнущ. Къуажэхэм узыншагъэр хъумэн IэнатIэр щегъэфIэкIуэнымкIэ абы мыхьэнэншхуэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ иужьрей илъэсипщIым абыхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм зэрыщымыIэм хуэфащэ гулъытэ хуащIакъым, абы къыхэкIыуи IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр мыхьэнэншэ хъуащ, IэщIагъэлIхэри ирикъуу яIэкъым.

IэщIагъэлIныбжьыщIэхэм я псэупIэр ирагъэфIэкIуэнымкIэ ядэIэпыкъуным епхауэ къыхалъхьа «Къуажэ дохутыр» федеральнэ программэм лэжьэн зэрыщIидзэжьыр жиIащ министрым. Нэхъапэм абы текIуэдну мылькур псори федеральнэ бюджетым къыхэкIыу щытамэ, иджы и зэхуэдитIыр щIынальэхэм щIагъэжьын хуейуэ аращ. 2013 гъэм республикэр, мылькур къызэремэщIэкIым къыхэкIыу, а программэм хэтыфакъым. Иджы а программэм хыхьэжащи, Iэмал яIэ хъуащ къуажэм щылэжьэну гупыж зыщIа дэтхэнэ зы IэщIагъэлIми сом мелуан зырызкIэ зыщIагъэкъуэну.

Министрым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, ди республикэр ящыщщ зи цIыхухэр нэхъ узыншэу къалъыта щIыналъи 10-м. ИрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Урысейм и хэгъуэгухэм ельытауэ, ди щIыналъэм куэдкIэ щынэхъ мащIэщ дунейм ехьыжэм я бжыгъэр. Ди цIыхухэм нэхъыбэу япкърытыр лъшх, лъыр тэмэму зэрыземыкIуэм къыхэкI узыфэхэрщ. Абыхэм зэрапэщIэтыным, зэрызыщахъумэным теуухуа чэнджэщхэр цIыхухэм щрат Iуэху щхьэпэхэр министерствэм щIэх-щIэхьыурэ къызэрегъэпэщ.

Шэтыр тепсэлъыхьащ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ», «КъызэрымыкIуэ къэхъукъащIэхэм я зэран зэкIахэм ядэIэпыкъу медицинэ» IуэхущIапIэхэм я машинэхэр жьы зэрыхъуам. Апхуэдэуэ къуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм хэхуэхэм фIагъ лъагэ зиIэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтыным хуэунэтIа программэм ипкъ иткIэ, республикэм къыIэрыхьэну мылькумкIэ реанимобилу 15 къащэхунущ, Травматологие центрыр зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● АПК

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм зыщIагъакъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыщтащ мэкъумэш зыщIэ IэнатIэ щхьэхуэхэм субсидие зэрыхухахыну щIыкIэр.

АБы ТЕТУ жылапхъэфIхэр къэщхьухым, илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ жыг хадзэхэр, мэракIуалъэхэр, жызумейхэр хэсэным, зехьэным, апхуэдэу зи пIалъэр икIа пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр кIичыжыным, хуит къэхъуа щIы Iыхьэхэр гъэкIэбзэным трагъэкIуадэм щыщ Iыхьэ хуатIыжынущ. Республикэ бюджетым и мылькым нэмыщI, федеральнэ бюджетым щыщуи сом мелуан 74,7-рэ а Iуэхум халъхьэнущ.

Мы зэманым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм унэтIныгъэ къэс субсидиеу хуэзэнумрэ тхьылъэр зэрыIахыну пIалъэмрэ егъэбелджылы.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

КъБР-м и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм Украинэр къызрагъэбгынахэм ядэIэпыкъунымкIэ къызэрагъэпэща псапащIэ фондым республикэм исхэм зэрызахуигъаазэр

ХьэщIагъэмрэ гущIэгъэмрэ я лъэныкъуэкIэ ижьижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэзфIэкI псори елэжь гузэвэгъуэ хэхуа украин цIыхубэм ядэIэпыкъуным теуухауэ. Украинэм и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм щыIэ щIыналъэхэм къикIыу ди республикэм къэкIуахэр щыпсэунрэ яшхынкIэ къызэрагъэпэщащ. Абыхэм ядэIэпыкъуащ фIэкIыпIэ зимыIэу зыхуеину хьэпшыпхэмкIэ, школакIуэхэри и зэманым еджапIэхэм щIагъэтIысхьащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, Украинэм и цIыхухэм я нэхъыбапIэр хущIокъу лэжьапIэ щагъэутыным щIыпIэхэм - Приморьем, Кузбассым, нэгъуэщI щIыналъэхэм Iэпхъуэну. Къэралым а и щIыпIэхэм ахэр я IэщIагъэхэмкIэ щылэжьэфынущ, зыхуеи нэхъ щагъуэтынущ.

Республикэм и бюджетыр къыщащтауэ щытар 2013 гъэр арщи, гуэвэгъуэм кърихужьахэм ираты гъуэгупщIэ абы къыпхуэхъэжьынукъым. Абыхэм къадэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ щIымахуэр къызэрыбгъэгъам, гъэ еджэгъуэщIэми зэрыщидзэжам къыхэкIыу гугъуехьхэр нэхъыбэж зэрыхъур.

А псоми къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм мурад ящIащ Украинэр къызрагъэбгынахэм ядэIэпыкъун папщIэ къызэрагъэпэща «Малороссия» псапащIэ фондым ахъшэкIэ кьыдэIэпыкъуну цIыхухэм лъэIукIэ зыхуагъэзэну. Мы фондым и ахъшэр зытрагъэкIуэдэнур щтапIэ ихьэжауэ ди деж щыIэхэм гъэзугупщIэ етыным и закъуэщ. Мыр икъукIэ Iуэхушхуэщ икIи абы елъытащ цIыху 280-м я Iуэхур зэрыхъунур.

Ди фондым и реквизитхэр:
«Малороссия» фонд
ИНН 0725991447
КПП 072501001
ОГРН 1140700000627
Адресыр - КъБР,
Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 53
Банкыр - «Налшык» банк ООО
Р/сч. - 40703810100000002 63
Кор.сч. - 30101810700000000741
БИК - 048327741

Фондым и къызэгъэпэщакIуэ Канунников Анатолий.
Фондым и унафэщI Уянаев Владимир.

● Банк Iуэхухэр

Илъэсым зэрыщIидзэрэ - сом меларди 3,5-м щIигъу

- Мэкъумэш IэнатIэм мылъкуу хэтлъхьэм, нэгъабэ и мазиблым ельытауэ, хуэдиплIкIэ хэхъащ икIи ар сом мелард 1,6-м нэсащ. Иджырей хадзэкIщагъэкIыну комплекс ди ахъшэкIэ мы гъэм республикэм къыщрагъэжьащ, Налшык дэт консерв заводыр ирагъэфIакIуэ, - къигъэлъэгъуащ Урысейм и ХьумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

КъищынэмыщIауэ, республикэм и сату Iуэхум сом мелуан 678-м щIигъу, и промышленностым мелуан 573-рэ халъхьащ.

Мы гъэм и мазиблым кърибыдэу щIыналъэ къудамэм и кредит мылъкум сом мелуан 518-кIэ хэхъуащ икIи зыщцхьэу-Iум и 1-м ирихьэлIэу сом мелард 14-м нэсащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 23,8-кIэ нэхъыбэщ.

Гъэм зэрыщIидзэ лъандэрэ Урысейм и ХьумапIэ банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм сом меларди 3,5-м щIигъу хилъхьащ.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Узыфэм егъэгузавэ

США-м и Миссури, Колорадэ штатхэм щыпсэу сабий куэдым къапкърыхьащ вирус лIэужьыгъуэщIэ.Ныбжьыщ Iэ минрэ ныкъуэм нэблагъэ сымаджэщхэм щIагъэгъуэлъхьауэ я узынщагъэм кIэлъоплъ.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ар энтеровирус EV-D68 жыхуаIэрщ. Ар пыхуэсыхум ещхьщ, къызыпкърыхьэхэм жьыр къапибуйду мэхъу, техьэгъуэм еубыд.

Щхьэхуэу псэуным и телъхьэхэр

Шотландиер Великобританиеи къыхэкIыным и телъхьэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ щохъу а къэралым.

А Iуэхум теухуауэ рефендум екIуэкIыным къэнэжар махуипщIыр икIи фокIадэм и 18 пщIондэ щытыкIэм зихъуэжьныр фIощхьгъуейщ. ЦIыхухэм зэрахэупщIыхьам къызэригъэлъэгъуамкIэ, Шотландиемрэ щыпсэухэм я процент 51-р хуейщ я щхьэ и унафэ ящIу, къэрал щхьэхуэу псэуну.



◆**Дахагъэм и дунейпсо махуэщ**
◆**Кърым зауэм (1853 - 1856) хэкIуэда зауэлIхэм я фэепль махуэщ**
◆**Таджикистан Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ** - щхьэхуит щыхьэр егъэлъапIэ.
◆**Корее ЦIыхубэ-Демократие Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ** - КНДР-р къыщызэрагъэпэщар егъэлъапIэ.
◆1939 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысейм и МВД-м и къэралкIуэцI дзэхэм уэрэдымрэ хьафэмкIэ я академическэ ансамблыр.
◆1970 гъэм Волжскэ автозаводым «ВАЗ-2101» (Жигули) автомашинэ Iэуужьыгъуэр къыщIигъэкIыу щIидзащ.
◆Пушкин тхакIуэшхуэ, философ **Толстой Лев** къызэралъхурэ илъэси 186-рэ ирокъу.
◆Шапсыгъ узэщIакIуэ, джэгуакIуэ **Щхьэлахъуэ Алий** къызэралъхурэ илъэси 132-рэ ирокъу.
◆Совет Союзым и ЛIыхъужь **Тхьэгъуш Исмэхьил** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.
◆Шапсыгъ сурэтыщI, Адыгэ Республикэмрэ Кубанымрэ щIыхь зиIэ я сурэтыщI **Хьэпышт Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
◆КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
◆Адыгей сурэтыщI **Гъуэгуныкъуэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ, уэрэс къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Былым къыпщIын нэхърэ бынырI къыпщIын.

ПщIэ зыхуэтщI хэхакIуэхэ!

Фокладэм и 14-м фэ хэхыныгъэхэм фыхэтынущ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэкIуэнур фубзыхунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу тхылъыр фIыуэ зыльаГъуэхэм я зэгухьэныгъэм лъэIукIэ зыныфхуегъазэ Iэ фIэтыну фыщыкIуэкIэ школ, сайий библиотекэхэм тыгъэ яхуэфщIыну тхылъхэр къыздэфщтэну. Тхылъым сабийр гуапагъэм, гущIэгъуэм хуеущий. Ар дэтхэнэми и ныбжьэгъу пэжщ лъэбакъуэ тэмэм ичын, зэрыхуэ щытыкIэ гугъуэм къикIын хуей щыхъуам деж.

Хэхыныгъэм и махуэм сабийхэм папщIэ библиотекэхэм тхылъкIэ фащэуэпсэжм, фщIэблэ къэхъум гъэзгу тэмэм къыхахыныкIэ фадэIэпыкъуу аращ.

IэнатIэм зеужь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

- «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и машинэхэр «Узыншагъэ» лъэпкъ проектымкIэ 2007 гъэм къаIэрыхьауэ щытащ, - жиIащ министрым. - Абыхэм я процент 93-р жьы хъуащ. Къапщтэмэ, апхуэдэ машинэхэр илъэси 5-кIэ къэбгъэсэбэп хъуэ аращ. Зэман гъунэгъум республикэ бюджетым и мылькукIэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» машинэу 45-рэ къэтщэхунущ.

Зэ IуущIэм и гугъу щащIащ ахъшэшхэу зыщIата медицинэ Iэмэпсымэхэр къамыгъэсэбэпу зэрыщытым теухуауэ екIуэкI псалъэмакъхэми.

- Узыншагъэр егъэфIэкIуэн программэм ипкъ иткIэ, республикэм и медицинэ Iуэхущ1апIэ куэдым зыхэныкъуэ Iэмэпсымэхэр кьахъэтщэхуауэ щытащ, - жиIащ министрым. - Ауэ абыхэм ирилъэкъэн IэщIагъэлIхэр зэрыщымыIэм, аэр зыщIаго-гъуэвэн пщI эрамыIэм кьыхэкIыу, мылькушхуэ зытекIуэда медицинэ Iэмэпсымэхэр къамыгъэсэбэпу зэман гуэркIэ щытащ. Мы зэманым ирихьэлIэу Iуэхущ1апIэ псоми а Iэмэпсымэхэр къыщагъэсэбэн.

УФ-м и Президентым и «накъыгъэ унафэхэр» КъБР-м узыншагъэр хъумэн и Iэнатlэм гъэзэщIа зэрыщыхъум и гугъу щищIым, Шэтым жиIащ 2014 гъэм и яп9 мазищыр кьыдэщIэпкъуэжмэ, «Къэрал социальнэ политикэр гъэзэщIэнымкIэ Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ» президент унафэм, медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным, «гъуэгу картэм» зэрехьулIэр. Псалъэмакъым кьыдэрихьэщIкIэ, дохутырхэм ику иту сом мин 28-рэ, курыт медицинэ лэжьакIуэм сом мин 16, медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэм сом мин 11 кьахь.

- Кьыхэгъэщыпхъэщ, - жиIащ министрым, - бжьыгъэр апхуэдэу къэгъэлъэгъуа щхьакIэ, дэтхэнэ зы лэжьакIуэми и улахуэр зэрыхъунур Iуэхугъуэр куэдым зэрелъытар: и Iэзагъэм, лэжьыгъэм зэрехьулIэм, Iуэхущ1апIэм и къэралым кьыхуигъэува кьаленыр зэригъэзэщIэфам, нэгъуэщI куэдми. Медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэр щыхуатхкIэ, абы кьыхалъытэ и кьаленыр фIагъ пылъу зэрызэфIихыр. Псалъэм папщIэ, терапевтымрэ реаниматологымрэ е хирургымрэ кардиологымрэ я улахуэхэр зэхуэдэнукъым. Шэч хэмылъу, реаниматологымрэ хирургымрэ я лэжьыгъэр куэдкIэ нэхъ гугъущ икIи жэуаплныгъэ нэхъыбэ я пщэ къыдохуэ. Абы кьыхэкIыуи, абыхэм я улахуэхэр нэхъыбэнущ. Мыбдежьм и гугъу щысщIыну сыхуейт медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр зэрырат щIыкIэм дяпэкIэ зэрыгъуэтынум. Нэхъапэм зэрагъэгушхуэ Iыхьэр Iуэхущ1апIэм щылажьэ псоми трагуашэу щытамэ, иджы ар зратынур медицинэ лэжьакIуэм и закъуэщ.

«Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм къэрал политикэр щегъэфIэкIуэным теухуауэ» унафэр зэрагъэзащIэм и гугъу пщIымэ, социально-экономикэ щытыкIэм кьишэ узыфэхэр гъэмэщIэнымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр идогъэкIуэкI. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм и цIыхухэм я узыншагъэр зыхуэдэр кьэщыгатэным мыахьэнэшхуэ иIэщ. А Iуэхум тещIыхьауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэщ кьалъхуагъащIэ сабийуэ дунейм ехыжам, гъуэгу-транспорт кьэхъукъащIэхэм хаха фэбжьхэм илIыкIэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Гу-лъынтхуэ узыфэхэм илIыкIэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щIыным хуэунэтIа федеральнэ программэр жыджэру ягъэзащIэ.

Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центру 2014 гъэм кьыхэIутхар кьэзэгъэпэщащ ангиографие комплекскIэ, компьютер томографкIэ, МРТ, УЗИ IэмэпсымэхэмкIэ. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым екъулIэныгъэ яIэу кьыщагъэсэбэп тромболизис Iэмалхэр. 2014 гъэм и гъатхэпэ мазэм щегъэжьауэ, центрыр кьыхэрызэIуахрэ, апхуэдэ Iэмалыр бланейрэ кьагъэсэбэпащ. Щхьэ куцIым, тум екIуалIэ лъынтхуэхэм еIэзэныкмкIэ Iэмалыщ1эхэр кьэгъэсэбэпынри жыджэру лэжьыгъэм хапщэ. Къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрым и пэщIэдзэ кьудамэ щолажьэ, апхуэдэ дыдэ Прохладнэ къалэм дзт сымаджэщми кьыщызIуахынущ. Республикэм щолажьэ кардиохирургие Iуэхущ1апIэ. Арсыт ильэныкъуэкIи зыхуэей хуэзэу кьызэгъэпэщащ. Мы ильэсым зэрыщIидзэрэ абы операцэу 250-рэ щрагъэкIуэкIащ, абыхэм ящыщу 228-м коронарографие Iэмалыр кьагъэсэбэпащ.

Республикэм и медицинэ Iуэхущ1апIэхэр зэгъэпэщыжьнымкIэ екIуэкIа лэжьыгъэр зэраухар кьыхигъэщащ министрым. И кIэм нэблагъащ республикэ клиникэ сымаджэщым, къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м щекIуэкIа зэгъэпэщыжьнымкIэ лэжьыгъэхэр. Хъыбарыф1у зэIуущIэм щыжаIахэм ящыщу 2011 гъэм Анзорей жылэм кьыщрагъэжьауэ щыта сымаджэщым и уху-зэныгъэр республикэ бюджетым кьыхэкI мылькукIэ и кIэм зэрынагъэсынур икIи ар жэпуэгъуэ мазэм и пэщIэдзэхэм кьызэIуахыну зэрамурадыр.

Сымаджэхэр зыхуэныкъуэ хущхъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыныр министерствэм нэхъ кьытехьэлъэ Iуэхугъуэхэм ящыщу зэрыщытыр кьыхигъэщащ министрым. Апхуэдэу хущхъуэ лъапIэхэр ирикъуу кьахуэщэхурхъум. Псом хуэмыдэу кьатохьэлъэ куэдрэ узримыхьэлIэ узыфэхэр зиIэ сымаджэхэр Iэмал имыIэу хущхъуэкIэ кьызэгъэпэщыныр я пщэрылъу зэрырытыр. Псалъэм папщIэ, республикэм щыIащ зы мазэм кьриубыдэу сом мелуани 3 и уасэ хущхъуэ зрахьэлIэ сымаджэ.

- Сымаджэщхэр къапщтэмэ, - жиIащ министрым, - Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ фондым кьахуиутIыпщ мылькум хущхъуэм и уасэри кьыхагъэкIын хуейщ. - Абыхэм я кьаленщ я дэж щIэлъ сымаджэхэр хущхъуэкIэ кьызэрагъэпэщыну.

Республикэм и дохутырхэм я Iэзагъым, зэфIэкIым хэгъэхъуэнми и гугъу щащIащ зэIуущIэм. Шэтым кьыхигъэщащ ар я министерствэм япэ иригъащ Iуэхугъуэхэм зэращыщыр. Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм и лэжьакIуэхэм папщIэ УФ-м и щIэныгъэI цIэрыIуэхэр хэту семинархэр, конференцхэр, мастер-классхэр щIэх-щIэхъуэрэ ирагъэкIуэкI.

- Дохутырыр сыт щыгъуи хущIэкъун хуейщ и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным, - жиIащ министрым. - Медицинэм зэкъуэ, Iэмалыщ1э куэд кьожьэ. Мис абыхэм зыщызыгъэгъуазэ дохутырыр зи лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щызиIэнур. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дохутырхэм яхэтщ нэхъыпэм зэресам хуэдэу зи лэжьыгъэр зэрыхьэжкIэр, ахэр хущIэкъурхъым унэтIныныгъэм щIэуэ кьыхьихьэ Iэмалхэр я IэнатIэм кьыщагъэсэбэпыну. Категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутырхэр ди мащIэщ. А Iуэхум зэрызедгъэхъуэжьным яужь дитынущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэ.

Гум имыхуж махуэхэр

● Фэеплъ пэкIуэр

Беслъэн къалэм дэт курыт школ №1-м гуауэшхуэ кьызэрыщыхъурэ мы махуэхэм илъэси 10 ирокъу. А Iуэхур гущIыхьэ ящыхъуащ щыху куэдым: гуих-псэихыр зылъыIэсахэми, ар зи нэгу щIэкIахэми, и хъыбар зэхэзыхьэми. Щыху 332-рэ зыхэкIуэда а къэхъукъащIэ гуузыр ягу къыщагъэкIыжа зэхьхьэхэр щекIуэкIащ ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Апхуэдэт Бахъсэн районым и курыт школхэм къыщызэрагъэпэща фэеплъ пэкIуэхэр.

ИСЛЪЭМЕЙ къуажэм дэт курыт школ №94-м и актовэ пэшышхуэм фокIадэм и 5-м щIыхушхуэ щызэхуэсат. ЩIыпIэ администрацэм и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ Абазэ Лерэ хъыбар кьызэрыдигъэщIамкIэ, терроризмэмебэныным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу екIуэкIа а зэхуэсым жыджэру хэтащ балигъхэри ныбжьыщIэхэри, куейм, жьлэм я унафэщIхэри нэхъыжьыфIхэри.

- Дэтхэнэ лъэпкъми и щэнхабзэм, зэриныз диным пщIэ хуэщIныныр, шыIэныгъэрэ зэхэщIыкIрэ тхэлъу зыр адерейм дыхущыIныгъэ и лъабжьэ быдэщ ди зэкъуэтыныгъэм. Апхуэдэу дызэрыIыгъэмэ, дэ дапэлъэщынущ экстремист щIэпхъаджащIэхэм, террористхэм, - и кьэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ пэкIуэм зыкъэрезыгъэхьэлIа, Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ **Сыжажэ Хъэсэн**. - Абы хуэунэтIауэ кьыптэщыльъ кьаленхэм нэхъыщхьэхэм ящыщщ кьытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэныр. Адэ-анэхэм кьадэкIуэу, школ лэжьакIуэхэми абыкIэ жэуаплныгъэ ин я пщэ кьыдохуэ.

Сыжажэм гулъытэ зыхуиIуа Iуэхугъуэхэр даIыгъащ зэхуэсым кьыщыпсэпъа псоми. Зэкъуэтыныгъэм, мамырыгъэм теухуа усэхэм ныбжьыщIэхэр къеджа нэужь, пэкIум кьирихьэлIа псори ирагъэплъащ Беслъэн кьыщыхьуауэ щыта гуауэр кьызыхэщыкь видеороликэхэм. Абы и ужькIэ школакIуэхэм удэ гъэгъажэ тралъхьащ экстремистхэм я IэщIэкIуэда хабзэхъуэмрэ хуагъэува фэеплъым.

ПэкIум и кIэухыу школ пщIантIэм еджакIуэхэр щызэхуэващ «Дэ мамырыгъэм дрительхьащI» псалъэхэм укъеджэфу.

ТАМБИЙ Линэ.

Урысей Федерацэм и Коммунист партым хэхьныгъэм и пэ къихуэ и программэ

ЩIэпхъаджагъэр, Iулъхьэр, гъэпцIагъэр къагъэсэбэпуэр, къэралым дыгъуаклIэ олигархэр нэхъыщхьэ щыхъуащ. ЦIыхубэм я бий тепщэныгъэ зэтеуващ. Абы и идеологиер зытеухуар фэрыщIагъымрэ пцIымрэщ, лэжьакIуэбзэр кърамыдзэныр, урысхэр гъэпудынырщ.

Къэралым исхэр илъэс кьэс ны мелуанкIэ нэхъ щIэщIэ мэхъу. Илъэс кьэс цIыхубэм къалэжьа ахъшэу доллар мелард 25-рэ къэралым ираш. Ди къэралым и гъунапкъэхэм екIуэкIыу Америкэм, НАТО-м я дзэхэм я хэщIапIэхэр кърагъуэвэкIащ. Дуней псом хабзэщIэхэр щызыгъэувыну зи мурадхэм я Iэтащхьэхэм ябзыщIыркъым Урысейм цIыху мелуан 50-м щIимыгъу фIэкIа исыпхъэу кьызэрамыльытэр. Ар яхурикъунущ газ, щIыдагъэ кьыщIашын, дыщэрэ налмэсхэмрэ кьыщIахьын, кьулейкэм яхуэунэIутын папщIэ. Адрей мелуани 100-р лейщ.

Абы кьыхэкIыу махуэ кьэс нэхъ лъапIэ мэхъу цIыхубэр псэун папщIэ зыхуейхэр - щIакъкъэуэр хущхъуэхэмрэ, псэупIэр, электричествэмрэ хуабэмрэ. Ара зэхъуэкIыныгъэхэмрэ реформэхэмрэ я тельхьэу зызыгъэIуауэ щытахэм дыкъызэрагъэгубжа «рынок зэпэщыр»? Дэ дызыхэтыр дыгъуаклIэхэм я бззэр зэхэмыбзэ, абы щытепщэр Iэштlымымрэ ахъшэмрэщ. Ар напэтех Iуэхущ, псори пщэ икIи псори кьэпщэху хьуу э.

Ауэ Урысейм и жагъуэгъуэхэр хэкум и мылькур зэрызэбграхам кьыщыувыIакъым. Ахэр хущIокъу ди тегушхуэныгъэр, ди диныр тфIагъэкIуэдыну, ди щэнхабзэр зэтракъутэну, езыхэр зыхуей псори зыгъэзащIэ уэлIут дащIыну. Бззэрымрэ хабзэншагъэмрэ экономикэм и мызакъуэу, къэралми, цIыхухэм я гупсысхэми хэпща мэхъу. Бззэр хабзэр Урысейм кьыщезэгъыркъым, ар зытеухуар псоми и щапхъэу ахъшэр щытынырщ, гъащIэр абы тещIыкьынырщ.

ПщыIыпIэм драгъэувэну, къэралыр хагъэкIуэджыну щыхущIэкъу мы лъэхъэнэм дэ, рабочэхэмрэ мэкъумэщIэхэмрэ, инженерхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ, егъэджакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ, хьэрычэтыщIэхэмрэ унафэщIэхэмрэ, художникхэр, артистхэмрэ студентхэмрэ, Iуэху еплъыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэ, дин зэхуэмыдэхэм ит цIыхуэхэр, парт, зэщIэхъеныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, КПРФ-м и ЦIыХУЭЗ БЛОКЫМ дыхьыкащ.

СЫТ ХУЭДЗ МУРАД ДЭ ДЫЩIЫЗЭКЪУЭУВАР?

КПРФ-м и бэракъым дэ псори дыщIэуващ, сыту жыпIэмэ, быдзу ди фIэщ мэхъу: цIыхубэ патриотизмэр нобэ кьыгъэхьипIэ имыIэу коммунистхэм я мурадхэмрэ пльапIэхэмрэ, социализмэм щIэныгъэм, Совет власть зэтегъэувэжьным, Союзэ къэралыгъуэ кьызэгъэпэщыжьным япыщIащ.

СЫТ УРЫСЕЙР СОЦИАЛИЗМЭМ ЩIЫХУЕЙР?

Дэ псори захуагъэр щытепщэ гъащIэм дыхэпсэукIын, лэщIыгъуэкIэрэ цIыхубэм я гуащIэкIэ кьызэрагъэпэща хъугъуэфIыгъуэхэр я пащхьэм итлъхьэжьи, лъэпкъым и къэрур, гукъыдэжьыр, узыншагъэр зэтедгъэувэжьи, къэкIуэну зэманым дыщымыщIту декIуэкIын, пщIэншэу деджэн, зыгъэхъужьи, сабийхэм сабиигъэу тэмэм, ветеранхэм гупсэхугъуэ кьахуэзэдгъэпэщын папщIэ. Зи гуащIэм ирипсэужхэм лэжьапIэ IэнатIэрэ лэжьапщIэ тэмэмрэ яIэн хуейщ.

СЫТ УРЫСЕЙР СОВЕТ ВЛАСТЫМ ЩIЫХУЕЙР?

ЦIыхубэм я хуитыныгъэхэр хъума хъун папщIэ. Езы лэжьакIуэхэм хозяйствэхэм я унафэхэр ящIын икIи къэралыр зэрахьэн папщIэ. КъулыкъущIэхэм я щхьэзыфIэфIагъыр, сондэджэрхэм я хьэгъэщагъэхэр, щIэпхъаджащIэхэм я хабзэншагъэр къэзгъаззэ имыIэу зэтракъутэн папщIэщ. Политикэ хьэгъэщагъэхэм ирисондэджэрхэм псалъэ купщIэншэхэмкIэ цIыхухэм я щхьэр ямыгъэзыпи папщIэщ. Напэншагъэмрэ фIеягъэмрэ цIыхубэ гъащIэм хамыльщэфын папщIэщ.

СЫТ УРЫСЕЙР СОЮЗЫМ ЩIЫХУЕЙР?

Къэралыгъуэ лъэщыр зэтеувэжьи икIи дэ псори пщIэшхуэ зиIэ хэкум дыщыпсэун, зэкъуэуда урысей цIыхубэр зэкъуэдгъуэвэжьи, лъэпкъхэм яку лIэщIыгъуэкIэрэ дэлъа зэкъуэшыгъэр зэтедгъэувэжьи папщIэщ. Ди гъунапкъэхэр, ди сэбэн зыхьэльхэр дунейпсо утыкум щытхъунэ, «дунейпсо хабзэщIэм» иебгъэрыкIуэныгъэр кьызэтедгъэувыIэн папщIэщ.

КПРФ-р - къэкIуэну зэманым хуэгъэпса партщ

Ар зыгъэрхэм ящыгугъуу тIысыжауэ щыскъым, атIэ мы зэманым зэхащIыхь хабзэншагъэхэм зыщхьэзыфIэфIагъымрэ ткIийуэ ятэщIэтщ. Ар щIобэн къэкIуэну зэманым зэхуагъэ щыIэн папщIэ иджыпсту зыхуэфащэ зэхъуэжьыныгъэхэр егъэкIуэкIыным. Партым иIэщ зэрылажьэну план убзыхуарэ гъуэгушIэ хэзышыфыну щIыхуэмрэ. Ар щIыхубэм ядолажьэ, и къарум и хэкIыпIэу щIыхубэр сыт щыгъуи щытщ икIи щIыхубэм я мурадхэр и плъапIэщ.

КПРФ-р сэмэгурабгъу къарухэм я парту щытщи, нэгъуэщIхэм яхудимычыхыу мэхэу

- 1990 гъэхэм, иджырей 2000 гъэхэми коммунизмэм хуэгъэпса мурадхэр цIыхухэм зэрапльапIэу кьонэж. Сэмэгурабгъу партыщIэу куэдым загъэIуу екIуэкIами, КПРФ-р Къэрал Думэм и хэхьгъуэ псоми увыпIэшхуэ щIыбгъуэу хэтащ;

- КПРФ-м адэкIи зрегъэужь социальнэ захуагъэм хуэгъэза мурадым. Капитализмэм и лъэхъэнэм щыIэ зэхуэмыдэныгъэ инхэм я бийуэ къэув партыр ныбжьыкIэ Iэмал иIэкъым. Антикоммунистхэм ящыщ куэдым жаIэу щытащ совет лъэхъэнэм псоуэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъум елъытагъэ, партри езыр-езыру кIуэдыжьыну къыщэральытэр. Ауэ апхуэдэ мурадхэр ди жагъуэгъуэхэм къазэремыхьулIэнур гъащIэм кьихьэльэгъуащ;

- Урысеймэ и Компартым иджьпсту Iэмалыщ1эхэр кьелъыхъуэ, кьапщтэмэ, Интернет, социальнэ сетхэм щолажьэ;

- иджырей щIалэгуалэм кьалъытэркъым капитализмэм и рынокым фIэкIа, къэкIуэну зэманым теухуауэ фIыкIэ ущыгугъуну гъащIэм нэгъуэщI кьызэгъэпэщыжьэ имыIэу.

КПРФ-р хэхьныгъэхэм етIуанэ увыпIэ фIэкIа щимыубыду игъащIэкIэ екIуэкIынукъым

- КПРФ-м и зэфIэкIым щыхохьуэ УФ-м и щIыналъэхэм: Московскэ, Орловскэ областхэм, Новосибирск кьалэм;

- Кьухьэпl1э къэралхэм я кьащIым щIэту Украинэм кьыщызэрагъэпэща майданым ди къэралым и цIыхубэми унафэщI гупхэми haIуэ кьащищIащ гуэзвэгъуэ инхэр кьыкъуэкIмэ, унафэщI партым щIугъуащIэ зэрыкъуэнущ. Зэманыр щыгугъым деж тегъэщIапIэу щытыфынур хэку лъагъуныгъэр зи лъабжьэ гупсысэ щыхьэ.

- Ди щIалэгуалэ щыгугъуэ, къэралым и щIэныгъэ, щIэныгъэлIхэмрэ, егъэджакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ, хьэрычэтыщIэхэмрэ унафэщIэхэмрэ, художникхэр, артистхэмрэ студентхэмрэ, Iуэху еплъыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэ, дин зэхуэмыдэхэм ит цIыхуэхэр, парт, зэщIэхъеныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, КПРФ-м и ЦIыХУЭЗ БЛОКЫМ дыхьыкащ.

СЫТ ХУЭДЗ МУРАД ДЭ ДЫЩIЫЗЭКЪУЭУВАР?

КПРФ-м и бэракъым дэ псори дыщIэуващ, сыту жыпIэмэ, быдзу ди фIэщ мэхъу: цIыхубэ патриотизмэр нобэ кьыгъэхьипIэ имыIэу коммунистхэм я мурадхэмрэ пльапIэхэмрэ, социализмэм щIэныгъэм, Совет власть зэтегъэувэжьным, Союзэ къэралыгъуэ кьызэгъэпэщыжьным япыщIащ.

СЫТ УРЫСЕЙР СОЦИАЛИЗМЭМ ЩIЫХУЕЙР?

Дэ псори захуагъэр щытепщэ гъащIэм дыхэпсэукIын, лэщIыгъуэкIэрэ цIыхубэм я гуащIэкIэ кьызэрагъэпэща хъугъуэфIыгъуэхэр я пащхьэм итлъхьэжьи, лъэпкъым и къэрур, гукъыдэжьыр, узыншагъэр зэтедгъэувэжьи, къэкIуэну зэманым дыщымыщIту декIуэкIын, пщIэншэу деджэн, зыгъэхъужьи, сабийхэм сабиигъэу тэмэм, ветеранхэм гупсэхугъуэ кьахуэзэдгъэпэщын папщIэщ. Зи гуащIэм ирипсэужхэм лэжьапIэ IэнатIэрэ лэжьапщIэ тэмэмрэ яIэн хуейщ.

СЫТ УРЫСЕЙР СОВЕТ ВЛАСТЫМ ЩIЫХУЕЙР?

ЦIыхубэм я хуитыныгъэхэр хъума хъун папщIэ. Езы лэжьакIуэхэм хозяйствэхэм я унафэхэр ящIын икIи къэралыр зэрахьэн папщIэщ. КъулыкъущIэхэм я щхьэзыфIэфIагъыр, сондэджэрхэм я хьэгъэщагъэхэр, щIэпхъаджащIэхэм я хабзэншагъэр кьызэгъаззэ имыIэу зэтракъутэн папщIэщ. Политикэ хьэгъэщагъэхэм ирисондэджэрхэм псалъэ купщIэншэхэмкIэ цIыхухэм я щхьэр ямыгъэзыпи папщIэщ. Напэншагъэмрэ фIеягъэмрэ цIыхубэ гъащIэм хамыльщэфын папщIэщ.

СЫТ УРЫСЕЙР СОЮЗЫМ ЩIЫХУЕЙР?

Къэралыгъуэ лъэщыр зэтеувэжьи икIи дэ псори пщIэшхуэ зиIэ хэкум дыщыпсэун, зэкъуэуда урысей цIыхубэр зэкъуэдгъуэвэжьи, лъэпкъхэм яку лIэщIыгъуэкIэрэ дэлъа зэкъуэшыгъэр зэтедгъэувэжьи папщIэщ. Ди гъунапкъэхэр, ди сэбэн зыхьэльхэр дунейпсо утыкум щытхъунэ, «дунейпсо хабзэщIэм» иебгъэрыкIуэныгъэр кьызэтедгъэувыIэн папщIэщ.

КПРФ-р - къэкIуэну зэманым хуэгъэпса партщ

Ар зыгъэрхэм ящыгугъуу тIысыжауэ щыскъым, атIэ мы зэманым зэхащIыхь хабзэншагъэхэм зыщхьэзыфIэфIагъымрэ ткIийуэ ятэщIэтщ. Ар щIобэн къэкIуэну зэманым зэхуагъэ щыIэн папщIэ иджыпсту зыхуэфащэ зэхъуэжьыныгъэхэр егъэкIуэкIыным. Партым иIэщ зэрылажьэну план убзыхуарэ гъуэгушIэ хэзышыфыну щIыхуэмрэ. Ар щIыхубэм ядолажьэ, и къарум и хэкIыпIэу щIыхубэр сыт щыгъуи щытщ икIи щIыхубэм я мурадхэр и плъапIэщ.

КПРФ-р сэмэгурабгъу къарухэм я парту щытщи, нэгъуэщIхэм яхудимычыхыу мэхэу

- 1990 гъэхэм, иджырей 2000 гъэхэми коммунизмэм хуэгъэпса мурадхэр цIыхухэм зэрапльапIэу кьонэж. Сэмэгурабгъу партыщIэу куэдым загъэIуу екIуэкIами, КПРФ-р Къэрал Думэм и хэхьгъуэ псоми увыпIэшхуэ щIыбгъуэу хэтащ;

- КПРФ-м адэкIи зрегъэужь социальнэ захуагъэм хуэгъэза мурадым. Капитализмэм и лъэхъэнэм щыIэ зэхуэмыдэныгъэ инхэм я бийуэ къэув партыр ныбжьыкIэ Iэмал иIэкъым. Антикоммунистхэм ящыщ куэдым жаIэу щытащ совет лъэхъэнэм псоуэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъум елъытагъэ, партри езыр-езыру кIуэдыжьыну къыщэральытэр. Ауэ апхуэдэ мурадхэр ди жагъуэгъуэхэм къазэремыхьулIэнур гъащIэм кьихьэльэгъуащ;

- Урысеймэ и Компартым иджьпсту Iэмалыщ1эхэр кьелъыхъуэ, кьапщтэмэ, Интернет, социальнэ сетхэм щолажьэ;

- иджырей щIалэгуалэм кьалъытэркъым капитализмэм и рынокым фIэкIа, къэкIуэну зэманым теухуауэ фIыкIэ ущыгугъуну гъащIэм нэгъуэщI кьызэгъэпэщыжьэ имыIэу.

КПРФ-р хэхьныгъэхэм етIуанэ увыпIэ фIэкIа щимыубыду игъащIэкIэ екIуэкIынукъым

- КПРФ-м и зэфIэкIым щыхохьуэ УФ-м и щIыналъэхэм: Московскэ, Орловскэ областхэм, Новосибирск кьалэм;

- Кьухьэпl1э къэралхэм я кьащIым щIэту Украинэм кьыщызэрагъэпэща майданым ди къэралым и цIыхубэми унафэщI гупхэми haIуэ кьащищIащ гуэзвэгъуэ инхэр кьыкъуэкIмэ, унафэщI партым щIугъуащIэ зэрыкъуэнущ. Зэманыр щыгугъым деж тегъэщIапIэу щытыфынур хэку лъагъуныгъэр зи лъабжьэ гупсысэ щыхьэ.

- Ди щIалэгуалэ щыгугъуэ, къэралым и щIэныгъэ, щIэныгъэлIхэмрэ, егъэджакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ, хьэрычэтыщIэхэмрэ унафэщIэхэмрэ, художникхэр, артистхэмрэ студентхэмрэ, Iуэху еплъыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэ, дин зэхуэмыдэхэм ит цIыхуэхэр, парт, зэщIэхъеныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, КПРФ-м и ЦIыХУЭЗ БЛОКЫМ дыхьыкащ.

СЫТ ХУЭДЗ МУРАД ДЭ ДЫЩIЫЗЭКЪУЭУВАР?

КПРФ-м и бэракъым дэ псори дыщIэуващ, сыту жыпIэмэ, быдзу ди фIэщ мэхъу: цIыхубэ патриотизмэр нобэ кьыгъэхьипIэ имыIэу коммунистхэм я мурадхэмрэ пльапIэхэмрэ, социализмэм щIэныгъэм, Совет власть зэтегъэувэжьным, Союзэ къэралыгъуэ кьызэгъэпэщыжьным япыщIащ.

СЫТ УРЫСЕЙР СОЦИАЛИЗМЭМ ЩIЫХУЕЙР?

Дэ псори захуагъэр щытепщэ гъащIэм дыхэпсэукIын, лэщIыгъуэкIэрэ цIыхубэм я гуащIэкIэ кьызэрагъэпэща хъугъуэфIыгъуэхэр я пащхьэм итлъхьэжьи, лъэпкъым и къэрур, гукъыдэжьыр, узыншагъэр зэтедгъэувэжьи, къэкIуэну зэманым дыщымыщIту декIуэкIын, пщIэншэу деджэн, зыгъэхъужьи, сабийхэм сабиигъэу тэмэм, ветеранхэм гупсэхугъуэ кьахуэзэдгъэпэщын папщIэщ. Зи гуащIэм ирипсэужхэм лэжьапIэ IэнатIэрэ лэжьапщIэ тэмэмрэ яIэн хуейщ.

СЫТ УРЫСЕЙР СОВЕТ ВЛАСТЫМ ЩIЫХУЕЙР?

ЦIыхубэм я хуитыныгъэхэр хъума хъун папщIэ. Езы лэжьакIуэхэм хозяйствэхэм я унафэхэр ящIын икIи къэралыр зэрахьэн папщIэщ. КъулыкъущIэхэм я щхьэзыфIэфIагъыр, сондэджэрхэм я хьэгъэщагъэхэр, щIэпхъаджащIэхэм я хабзэншагъэр кьызэгъаззэ имыIэу зэтракъутэн папщIэщ. Политикэ хьэгъэщагъэхэм ирисондэджэрхэм псалъэ купщIэншэхэмкIэ цIыхухэм я щхьэр ямыгъэзыпи папщIэщ. Напэншагъэмрэ фIеягъэмрэ цIыхубэ гъащIэм хамыльщэфын папщIэщ.

СЫТ УРЫСЕЙР СОЮЗЫМ ЩIЫХУЕЙР?

Къэралыгъуэ лъэщыр зэтеувэжьи икIи дэ псори пщIэшхуэ зиIэ хэкум дыщыпсэун, зэкъуэуда урысей цIыхубэр зэкъуэдгъуэвэжьи, лъэпкъхэм яку лIэщIыгъуэкIэрэ дэлъа зэкъуэшыгъэр зэтедгъэувэжьи папщIэщ. Ди гъунапкъэхэр, ди сэбэн зыхьэльхэр дунейпсо утыкум щытхъунэ, «дунейпсо хабзэщIэм» иебгъэрыкIуэныгъэр кьызэтедгъэувыIэн папщIэщ.

КПРФ-р - къэкIуэну зэманым хуэгъэпса партщ

Ар зыгъэрхэм ящыгугъуу тIысыжауэ щыскъым, атIэ мы зэманым зэхащIыхь хабзэншагъэхэм зыщхьэзыфIэфIагъымрэ ткIийуэ ятэщIэтщ. Ар щIобэн къэкIуэну зэманым зэхуагъэ щыIэн папщIэ иджыпсту зыхуэфащэ зэхъуэжьыныгъэхэр егъэкIуэкIыным. Партым иIэщ зэрылажьэну план убзыхуарэ гъуэгушIэ хэзышыфыну щIыхуэмрэ. Ар щIыхубэм ядолажьэ, и къарум и хэкIыпIэу щIыхубэр сыт щыгъуи щытщ икIи щIыхубэм я мурадхэр и плъапIэщ.

КПРФ-р сэмэгурабгъу къарухэм я парту щытщи, нэгъуэщIхэм яхудимычыхыу мэхэу

- 1990 гъэхэм, иджырей 2000 гъэхэми коммунизмэм хуэгъэпса мурадхэр цIыхухэм зэрапльапIэу кьонэж. Сэмэгурабгъу партыщIэу куэдым загъэIуу екIуэкIами, КПРФ-р Къэрал Думэм и хэхьгъуэ псоми увыпIэшхуэ щIыбгъуэу хэтащ;

- КПРФ-м адэкIи зрегъэужь социальнэ захуагъэм хуэгъэза мурадым. Капитализмэм и лъэхъэнэм щыIэ зэхуэмыдэныгъэ инхэм я бийуэ къэув партыр ныбжьыкIэ Iэмал иIэкъым. Антикоммунистхэм ящыщ куэдым жаIэу щытащ совет лъэхъэнэм псоуэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъум елъытагъэ, партри езыр-езыру кIуэдыжьыну къыщэральытэр. Ауэ апхуэдэ мурадхэр ди жагъуэгъуэхэм къазэремыхьулIэнур гъащIэм кьихьэльэгъуащ;

- Урысеймэ и Компартым иджьпсту Iэмалыщ1эхэр кьелъыхъуэ, кьапщтэмэ, Интернет, социальнэ сетхэм щолажьэ;

- иджырей щIалэгуалэм кьалъытэркъым капитализмэм и рынокым фIэкIа, къэкIуэну зэманым теухуауэ фIыкIэ ущыгугъуну гъащIэм нэгъуэщI кьызэгъэпэщыжьэ имыIэу.

КПРФ-р хэхьныгъэхэм етIуанэ увыпIэ фIэкIа щимыубыду игъащIэкIэ екIуэкIынукъым

- КПРФ-м и зэфIэкIым щыхохьуэ УФ-м и щIыналъэхэм: Московскэ, Орловскэ областхэм, Новосибирск кьалэм;

- Кьухьэпl1э къэралхэм я кьащIым щIэту Украинэм кьыщызэрагъэпэща майданым ди къэралым и цIыхубэми унафэщI гупхэми haIуэ кьащищIащ гуэзвэгъуэ инхэр кьыкъуэкIмэ, унафэщI партым щIугъуащIэ зэрыкъуэнущ. Зэманыр щыгугъым деж тегъэщIапIэу щытыфынур хэку лъагъуныгъэр зи лъабжьэ гупсысэ щыхьэ.

- Ди щIалэгуалэ щыгугъуэ, къэралым и щIэныгъэ, щIэныгъэлIхэмрэ, егъэджакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ, хьэрычэтыщIэхэмрэ унафэщIэхэмрэ, художникхэр, артистхэмрэ студентхэмрэ, Iуэху еплъыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэ, дин зэхуэмыдэхэм ит цIыхуэхэр, парт, зэщIэхъеныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, КПРФ-м и ЦIы

ТхакIуэ цIэрыIуэ, журналист нэс

Мыз Ахьмэд и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу

● Ди псэлъэгъухэр

Схузэфiэкiар мащiэми, абы сринасыпыфiэщ

Радиожурналист Мыз Ахьмэд и махуэ лъапIэмкIэ дехьэухъури, уплщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ. Абы кьыджиIахэм ди гуапэу фыщидогъэгъуазэ.

- Ахьмэд, сыт уи дежкIэ журналистыкэр?

- ШIоплым сыщыщIэс зэманхэм щыгъуи тхыль, газет седжэну сфIэфIт. Журналист сыхъунуи си гугъаькъым, пэжыр жысIэнщи, сызыщIэхъуэпсыр нэгъуэщI лэжьыгъэт. Ари нобэми си хъуэпсапIэщи, щыгъуазэ фысщIынщ абы и къежьапIэм. Ди хьэблэм дэст зы щIалэжь, езыр лIы кьеклуу, псоми пщIэ хуащIрэ ИитIкIэ сэлам ирахыу. «Сыту ар зэрылажьэр?» - жысIэу сыщыщIэупщIэм, шахмат, шашкэ клубым и унафэщIу къышцIэкIащ. Нобэр къызэдсым сыщIохъуэпс абы, сымыунафэщIми, апхуэдэ IэхъущапIэм сыщылэжьну, зэхьэзэхуэхэр кьызэгъэпэщу.

Мис апхуэдэу сыт седжэми, абы кьыпкъыкI гупсысэ кIапэхэр стхыми журналистикэм сыдихьэха хьуащ зэрымыщIэкIэ. А IэнатIэм пщIэ иIэурэ кьекIуэкIащ Совет Союзкъэ щхтэмкьхуэкIэ. Унафэщым деж щIыпхъэ хъурт хуиту, мыхъумыщIагъэ плъэгъуарэ ар яжепIамэ - ягъэзэкIуэжырт. Газетыр партым и обкомым ейти, ныкIуасанигъэм гу лърагъатэу зыгуэр традзамэ, письмо къатхьыжт зэрызэрагъэзэхуэжар иту. ЖыпIэнуракъэ, журналистыр зэхахырт, и псалъэм пщIэ иIэт. Иджыпсту, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ щыIэжкъым.

ШIэч хэмылъу, си гъащIэ гъуэсэщ, IэщIагъэ схуэхъуащ журналистикэр. ЕгъэджакIуэу седжамэ, абы сриIэжьакъым. Журналистикэм сыщыхьыхьам си кIуэжэгъу тхакIуэ, тхэн Iуэхум сыхэзышIауэ, щIэгъэкъуэн кьыхсухэхъуауэ къэслъытэ Мысачэ Пётр кьиэжилат: «Абы хэт, уи расскахэр, тхыгъэхэр нэхъ пэжи, нэхъ купщIафIи хъунущ, уи бзэри нэхъ хуэкъутэнущ». Сыхэтщ, схуэзфIэкIаIамэ, си гуапэщ. Куэд дыдэ сщIащ жысIэуи си бгъэм сытеуIуэжьфынукъым, ауэ си лъэпкъым папщIэ схуэзфIэкIа мащIэми сринасыпыфIэщ. Художественнэ тхыгъэу стхахэр тхьылъитIым иту дунейм кьытехьащ, очеркыу нэхъыбэIуэ сиIэщ, зы 200-м нэблагъэ кьыщIэкIынщ ахэр.

Тыншу къэхъуэхэм сащыщыкъм: си адэр сщIэжьркъым, си анэмрэ анэшхуэмрэ сабиитху дакъыхуэнэри дапIащ. Дзэм илъэситкIэ кьулыкъу щысщIати, ар щесхьэкIа Германеими сыщытыншауэ схужьIэнукъым. Абы и пэ зы илъэскIэ, иужькIэ иIэсипIкIэ рабочэу сылэжьащ. Ар щIыжьисIэращи, Iэпщэ лэжьыгъэми фIы дыдэу хьэошIыкI, гугъуэхэри зищIысыр сщIэуэ сыкъэзыгъэщащ. Цыху куэд щыIащ, лэжьыгъэщащ ямыщIауэ, школым и ужькIэ университет, абы къэкIэлъыкIуэу кабинет лэжьапIэ фIэкIа зымылъэгъуахэр. Радиом сыкъэува иужькIи, редактор нэхъыщхьэр зыхуэфим зыхуэсымыкъуурэ, гугъу сехьащ. Абы щыгъуэ ди унафэщIу щыта Къэрмокъуэ Мухьэмэд сыхуэзарэзыщ, кьыхсуэтэмакъкIыхьащи.

- Иджыпсту радиом щыбгъэхьэзыр нэтынхэр сыт зытеухуар? Сыт хуэдэ унэтIынныгъэщIэ абыхэм ептыну ухуейт?

- Радиор къуажэ пхыдзахэм зэхахмыхыу пIалъэкIэ хъуауэ щытащ. Мы гъэрэ зэхрихьэрэ апхуэдэ щыщIэныгъэ щыIэжкъым: жэщи махуи зэпымыууэ лажьэ зэрызхъуам кьыдэкIуэу, канал щхьэхуэ кьыдаташи, 99,5 FM-м кьабзэ дыдэу кьыщеубыд ди нэтынхэр. Куэд кьытхуотхэ, псалъэм папщIэ, зымахуэ Тэрч районым и Инарыкъуей къуажэм кьикIыу тхыгъэ къысIэрыхьащ. Аращи, цыху нэхъыбэ кьыдоIаIуэ, куэд дыдэми телефонкIэ зыкъытпащIэри, ягу ирихьа-ирамыхьар кьыжьакIэ, чэнджащ щхьэпэхэр кьыдат.

Сызыптепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм я гугъу пщIыпэ щытмэ, дызыхэмыIбэр укIуэдыж. Хэхауэ, щхьэхуэщхьэхуэу щытхъыну, дэ нэхъ тхуэгъэкъарууну, дызыпэлъэщыну къэтлъытэхэм зетпщытауэ долэжь. Си нэхъыбэрэ зи гугъу сщIыр къуажэхэращ. Колхоз, совхоз щымыIэжхэм я пIэкIэ къэунэхуа бэджэндырылажьэхэм, социальнэ Iуэхугъуэхэм, кьуажэм и псэукIэм, нэгъуэщIхэми сатопсэлъыхь. Си сыздэщымыIауэ, си лъэ щытемыувауэ зы адыгэ къуажи республикэм иIэкъым. Кьапщтэмэ, Арщыдан кьуажэм щэм щIыгъуэр сыкIуагъэнщ, апхуэдэщ Картрасъалэ, Шэджэм кьалэхэр. ИтIанэ зауэм хэтахэм, лэжьыгъэшхуэ зыгъэбэтахэм, мэкъумэшыщIэ цIэрыIуэхэм, зи гъащIэр губгъуэм иту, Iэщым пэрыту зыхьакъэм сатепсэлъэхьыну сфIэфIщ.

Кьэралым кьыщыхъу мыхъумыщIагъэхэм ятеухуауэ «ТIэкIу сыпIэскIэну» си жагъуэкъым. Илэкiэ диIа унафэщым идэртэкъым ар. Мыпхуэдэ зы Iуэху сигу кьинэжащ. ГъуэгупщIэхэм хагъэхъуауэ критикэ тIэкIу стхащ зэгуэр. Пщэдджьыжьым, радиом кьызэриту, ди нэхъыщхьэ дыдэр кьэсащ. Иджыри унэм сыкъыщIэмыкIауэ нопсалъэри кьызэкIэ ар кьэкIуауэ кьызэрызэжьэр. Дискым тритхэщ, ихьри, зыгуэр иригъэдэIуауэ щытащ. Хэтми сщIэркъым ар, ауэ езым нэхърэ зэрынэхъыщхьэжым шэч хэпIэкъым. Мис апхуэдэурэ тIэу-щэ къэхъуащ, уеблэмэ, ди деж ущылажьэну ухуэмеймэ, нэгъуэщI лэжьапIэ кьэгъуэт кьыщыжаIаи щыIащ.

ИгъащIэми изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэркъым. Псалъэм папщIэ, иужьрей махуэжэм газет гуэрым етх министрхэм я улахуэр сом мин 400 хъуащ жеIэри. Мыдрей лъэныкъуэмкIэ укъыщепIлъмэ, сом мини 5-6 фIэкIа къэзымыхьу дапщэ диIэ?! Сэ сыщIэгъэзавэращ абы ехьэлIауэ: апхуэдиз зэхуэмыдэныгъэм цIыхухэр кьигъэгубжьыныр зыхуэIуа щыIэкъым. Хьэлэбэлыкъышхуэ дыхэхуэнкIэ хъунущ. Кьулыкъу зыIыгъэхэр япэкIэ кьэхъунум егупсысркъым. Я мылькъур зэрыщыту хамэ къэралхэм зэрыщахъумэмкIэ псори зэфIэкIа хуэдэу мэпсэу. Мыр сэракъым зи гупсысэр, си япэ ит Iэджэми ятх ар икIи жаIэ. Мыльку ззэыльэфэлIахэм я щIэблэр ильэситху, пщIы, пщыкIутху дэкIмэ дауэ зэрыхъунур? Кьэралым илъэкIэ щыIэныгъэ щыIэжкъым: жэщи махуи зэпымыууэ лажьэ зэрызхъуам кьыдэкIуэу, канал щхьэхуэ кьыдаташи, 99,5 FM-м кьабзэ дыдэу кьыщеубыд ди нэтынхэр. Куэд кьытхуотхэ, псалъэм папщIэ, зымахуэ Тэрч районым и Инарыкъуей къуажэм кьикIыу тхыгъэ къысIэрыхьащ. Аращи, цыху нэхъыбэ кьыдоIаIуэ, куэд дыдэми телефонкIэ зыкъытпащIэри, ягу ирихьа-ирамыхьар кьыжьакIэ, чэнджащ щхьэпэхэр кьыдат.

Си нэтынхэри тезэхуэну, сызыхэзыхьпхэми сызэхихьну сыхуейт щIыуэпсым теухуауэ. Ди мэзэхэм, псыхъэхэм е езы кьалэ дыдэми фIейрэ пхъэнкIийуэ дэпыкъ, жьэхэмрэ кьэкIыгъэхэмрэ пщIэ зэрыщIхуамыщIым уегъэдзыхэ. Псалъэм папщIэ, си сыщыпсэу Горнэ хъьблэмкIэ жыг гуп дахэ дыдэу итт, хьэуари ягъэжьабзэрэ уэрамри ягъэдахэу. НтIэ, ахэр кьраупщIыкIыурэ кьат куэду зэтет унэхэр абдежэм щаухуащ. Газетхэми стхащ, и гугъу сщIащ, ауэ зыри кьикIакъым. Мис а щIыуэпс хьугъэфIыгъэхэм, абы кьапкъырыкI дахагъэм нэхъыбэрэ я гугъу сщIыну сыхуейт уи лажьэгъу Кьумахуэ Аслъэн хуэдэу.

- Радиожурналистым кьыщымынэу, газетхэм, журналхэм уаэзэрыдэлажьэм дыщыгъуаэзщ, Ахьмэд. Тхыгъэхэр кьызыхэкIым и гугъу тщIынкъым, ауэ «Адыгэ псалъэ» газетым кьытребгъадэ псалъэзблэдзэм пэублэ яхуэхъуар сфIэгъэщIэгъуэнщ.

- Си кьуэш нэхъыщIэм псалъэзэблэдзэр урысыбзэкIэ зэхигъэувэу си апэ кьригъэжьащ. Ярэби, мыхэр адыгэбзэкIэ пщIы хъунукъэ, жысIэри яужь сихьат. Хьэх Сэфарбий абы щыгъуэ фи газетым щылажьэрти, ныкуэсхьащ. Зыгуэрхэр зэригъэзэжхуэжщ, чэнджащ гуэрхэр кьызитуэрэ зытIущым хэпIэкъри, апхуэдэу ежьа хъуащ. Зы илъэс пщIыкIутху хъуащ абы лъандэрэ.

Зыгуэр щэкIуэным, адрейр бдзэжьей ещэным дехьэх, си сыдзэхьхьэхыр псалъэзэблэдз зэхэлъхьэнырщ.

- Уи лэжьыгъэмрэ уи гуащIэ мымащIэу зыхэплъхьэ литературэмрэ дэтхэнэр нэхъ бгъэнэхъапэрэ?

- Ялэ увыпIэр зэстыр журналистикэращ, сыту жыпIэмэ абыкIэ щIалхъуэ Iыхьэ кьызолэжь, си унагъуэр дамэм и унафэщIу, журналист Iэзэу, махуэ хэсхуэ жыхуаIэм хуэдэу и нэтын купщIафIэхэм додаIуэ. Ахьмэд и творчествэм нэрылъагъу щхьэу тхакIуэ Iэщ Iагъэмрэ журналист Iэщ Iагъэмрэ цIыху губзыгъэм хьарзынэкIейуэ зэрызэриГъэкIуфыр, зыр зымкIэ нэхъ куу, нэхъ купщIафIэ зэрищIыфыр.

Аращи, сэ кьызолъытэ Мыз Ахьмэд ди Союзыр зытемыукIытыныхьи тхакIуэ хьэзыру, ауэ щыхъукIэ, а зэгуэхьэныгъэм хэгъэхьэн хуейуэ. Ауэ апхуэдэ ущрихьэлIэр зэзэмыдзэхэщ.

Епсэлъар
ИСТЭПАН Залинэщ.

ТхакIуэ Адэын Мухьэмэд и гъусэу. *2011 гъэ*

Хьэмту Къадиррэ Ахьмэдрэ. *1988 гъэ*

Дзэм къулыкъу щыщIэ иIэсэхэм. *1974 гъэ*

Шэч лъэпкъ къытесхьэркъым

Мыз Ахьмэд теухуауэ сытхэныр сэркIэ тынщкъым, сыту жыпIэмэ махуэ къэс сызыхуэзэ цIыхум и хьэл-щэным сесащи. Ауэ шэч къызытезмыхьэр зэрыщытын хуей хабзэм тетщ. ЖыпIэнуракъэ, «адыгэлIщ» зы псалъэм абы и щытыкIэ псор къызэщIеубыдэ.

ДИ ГУПСЫСЭМ зедгъэукъуэдийрэ Ахьмэд и шыфэлIыфэм и гугъу тщIы нэужьмэ, «лIы и кьуэгъуэрэ шы и гъурэ» жыхуаIэм хуэдэщ. Ар гъащIэм, зыхиубыда лъэхъэнэм добакъуэ, езым хуэфащэ лIыгъэрэ лъэкIыныгъэрэ иIэжу. Радиом едаIуэзэм папщIэ игъэхьэзыр нэтынхэм егупсысэлъэ, щIэблэм зыхущIэкъуэри зэрыригъэкIуэкIыр. Ар цIыхубэм ягу зэрынэсым и щIыхьэту, и нэтынкIэ Iуа нэужь радиом куэд кьопсалъэри кьохъуэхъуэ, кьагурымыIуэхэм щIоупщIэ. Псоми Ахьмэд и гуапэу ёодаIуэ, ахэр арэзы зэрищIынми хущIокъу.

Мыз Ахьмэд цIыхубз утыку ещIыф радиор. Илъэс 25-рэ хъуауэ щолажьэ радиоми, ар здэщымыIа къуажэ, къалэ ди республикэм иIэкъым. Зэ псэлъэгъу хуэхъуам цIыхугъэ, ныбжьэгъу яхуохьу.

Ди Iэщ Iагъэм щэху куэд хэлъщ, абы иримылажьэм химыщIыкIыу. Псалъэм папщIэ, языныкъуэхэм я гугъэщ а къэпсэлъам дахэу, екIуу, губзыгъэу и гупсысэ кьиIуатэмэ, абы лэжьыгъэ темыкIуадэу. Ар апхуэдэ дыдэу щыткъым. ЩIыуэрщэркIэ куэдыр дахэу мэпсалъэ, ауэ абы цIыхубзэр кьиэзредэIуэнкъ щызыхиущIэм и деж, нэхъыбэм зэмыса жэуаплиныгъэ яхьу кьащхьэхурэ, я гупсысэр яхуэIуэтэжыркъым. Апхуэдэхэр имыгъэгузавэу, имыгъэгужьейуэ псалъэмакъым хеШэф Мызым, ХьэлэмэтыгуэкIыхьм и гум илъыр кьрегъэIуэтэф. Зи Iэщ Iагъэм хуэIэкIуэлъакIуэ радиожурналисту зэрыщытым и щIыхьэтщ а Iуэху зехьэкIэр.

Ахьмэд журналист нэсщ, хуэфащэуи кьыфIащащ а Iэщ IагъэмкIэ республикэм щIыхь зиIэ и цIэ лъапIэр. Зыпэрыт Iэнатlэм щихь жэуаплиныгъэм хуэдэ дыдэ хуиIэу ар долажьэ «Адыгэ псалъэ» газетми. Абы хуигъэхьэзыр тхыгъэхэри редакторым зэригъэзэхуэжьным щыгугъуэу ауэ сытми иуцIыпхъыркъым, атIэ и псалъэри и гупсысэри кьута зэрымыхъуным хуэсакъыу ахэр егъэхьэзыр. Апхуэдэ дыдэуи долажьэ «Iуащхьэмахуэ» журналым. Хьэлэмэтри аракъэ, абыхэм тригъэкIуадэ зэманым кьыщыдахуам и деж лъэкI лъэпкъ литературэми телэжьан. Абы и кьалэмыпIэ кьыщIэкIа поВестхэр, расскахэр мащIэкъым, ахэри цIыхум зэIэпахыу щIаджыкI жыпIэкIэ ущIуэнукъым. Езым а псом щхьэкIэ ущытхъуну кьебгъажьэмэ кьыпхуидэркъым, ар адыгэлI хьэлым зэрыщымыщымкIэ зыкъыуигъащIэу урегъэкIуэтыж.

Гу лъитапхъщ мыпхуэдэ зы Iуэхугъуэми. Иужьрей илъэс зытхухым гулъытэ хэха хуищI хъуащ псалъэзэблэдз зэхэгъэувэным. Ар езы Ахьмэд зэрызигъэпсэху Iуэхуу арщ, абы щыгъуэми щIыхьхэм я къэухьыр здынэсыр ягъэунэхунымкIэ Iэмалыфlщ икIи елэжьыну яфIэгъэщIэгъуэнщ. Языныкъуэ тхакIуэхэм кьыжраIэ хабзэщ а Iуэхум зэман тримыгъэкIуадэу ар тхэным хухихмэ нэхъыфIу, уеблэмэ хагъэзыхьу кьытезыкъуэи кьахокI. А Iуэхум Ахьмэд зэрегупсысщ нэгъуэщIуц. Мы зэманым телевизорымрэ интернетымрэ бжьыпэр ящыбдаеу, тхыльыр тIэкIу нэхъ Iэпэдэгъэлэп ящI. Адыгэбзэр Iэщ Iыб мыхъуным трегъэлажьэ псалъэзблэдзыр.

Абы зэкъым, тIэукъым нэгъуэщI лэжьапIэхэр кьызэрыхуагъэлъэгъуар. Республикэм адыгэбзэкIэ кьыщыдэкI газетымрэ журналхэмрэ, уеблэмэ урысыбзэкIэ щыIэхэми, и щхьэ течауэ зыми «хьуэ» яжримыIэфами, илъэс куэд хъуауэ здэщыIэ радиом хуэдэу абы и псэм дыхьэ ирихьэлIакъым. Мыз Ахьмэд зыхэт и лажьэгъу гупми фIыуэ кьалъагъу, ари езым хэль и хьэл-щэн дахэмкIэ кьыпэжьыжащ. Ар пцIы-IуэпцIыщэхэм ящыщкъым, зи псалъэ тетыж, зи псалъэ пщIэ хуэзыщIыж цIыхущ, TIэкIуи гушыIэнщ, тIэкIуи «пIэскIуэнщ», ауэ ахэр апхуэдизкIэ гуапэу, щабэу мэIури, уэим умыщIыщу уегъэгупсысэ. И лажьэгъу дэтхэнэри щхьэж кьызэрилажь елъытауэ яхущыт мыхъумэ, нэфI-нейрэ зэхэгъэжрэ хэлъкъым. Псом хуэмыдэу ар щыдэплъагъур нэхъыжькъым и пIэкIэ кьыщагъанэм и дежщ. А пIалъэми лэжьыгъэм, Iуэхум хуэпэжщ, а къызэрыпIалъэ щымышынэу, захуагъэр и нэрылъу и кьалэн егъэзащIэ.

Унагъуэ дахэ иIэщ ди ныбжьэгъум. И щхьэгъусэ Аринэрэ Ахьмэдэрэ зы щIалэрэ зы хъыджэбзрэ зздагъуэтащ. Я бынхэм щIэныгъэ яIэн папщIэ адэ-анэм яхуэзэфIэкI кьагъэнакъым. Я пхъур унагъуэ ихьащ. Зы пхъурылъху яIэщи, абы хуаIэ лъагъунигъэр зэриIуэтэн псалъэ тхакIуэм щимыгъуэтыр куэдрэщ. Я кьуэр иджыри щIалэ фызкъэмышэщ, зэкIэ Москва щыIэщ.

Илъэс 60 хъуащ зи гугъу тщIы ди ныбжьэгъур. Зэгуэр а ныбжьыр тфIэину дытепсэлъыхьу щытащ. Иджы а бжьыгъэр кьызэбгнэкIауэ ущыязэплъэкIыжкIэ, пщащхьэу лъэтауэ зэманыр икIауэ кьыщIокI. Уегупсысмэ, лIыпIэ иувауэ аращ Мыз Ахьмэд, кьызэринэкIа илъэсхэм кьыхиха гупсысэхэр нэсу зэхуихьэсыжу утыку кьрихьэнкIэ узыщыгугъ хъуну тхакIуэу, журналисту щытщи, дохъуэхъу и мурад псоми лъэIэсыну, и бынхэм я гуфIэгъуэ куэд ильагъуу гъащIэ гъэягуанэ кIыхь кьызэринэкIыну.

ХЬЭМТУ Къадир.

Псалъэр Iэрыхуэу къегъэсэбэп

Иужьрей илъэс зыбгъупщIы ди литературэм кьыхьхьа къэбэрдей тхакIуэхэм ныбжьыщIэхэм ящыщ Мыз Ахьмэд. Къуажэ школыр кьиуха нэужь, абы дзэм кьулыкъу щищIащ. ИлъэситхукIэ лэжьащ рабочэу. Iэнатlэ зэрыIутым хуэдэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет кьыуащ.

МЫЗ АХЬМЭД дзэзыхьэхыр, фIыуэ илъагъур рассказ кIэщIхэрщ. Псы ткIупсым дыгъэр кьызэрыхэщым хуэдэу, рассказ кIэщIхэм IупщIу уагъэлъагъу цIыхум и дунейр - тхакIуэр фIыуэ зыщыгъуазэр. Абы езым и Iуэху еплъыкIэ, бгъэдыхьэкIэ иIэжщ. Ар матхэ дахагъэр, щабагъэр, лъагъуныгъэр и Iэдакъэщ Iэкlхэм щыбащэу, цIыхум и гурыГъу-гурыщIэр сэтей кьишIу. ТхакIуэр егъэпIейтей цIыху кьызэрыгуэкIхэм я хъуэпсапIэм, я гуфIэгъуэм, гузэвэгъуэм - езым илъэгъуамрэ игъэвамрэ нэхъ тригъащIэмэ нэхъ фIэкъабылщ. Мызым и япэ рассказхэр щыхьэт тохъуэ псалъэр Iэрыхуэу, купщIафIэу кьызэрыгъэсэбэным, сюжетым зэрыхуэIэижьым. Абы сэ хуитныгъэ кьызет жысIэну: кьэбэрдей литературэм кьыхьыхьащ зэфIэкI зиIэ тхакIуэ.

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм.
1989 гъэ

Сэ къызолъытэ

Ди литературэм зыкъом щIауэ хэлъхьэныгъэфIэкIэ хуэзыщI тхакIуэхэм ящыщщ Мыз Ахьмэд. Ди газетхэм, журналхэм куэдрэ кьытохуэ абы и тхыгъэхэр, радиокIэ къат, повестрэ рассказхэмрэ зэрыт и япэ тхылъ «Гъатхэ уэс» жыхуиIэр кьызэрыдэкIри илъэс бжыгъэ хуащI. Иджыпсту абы игъэхьэзыращ иужьрей гъэхэм итха проз тхыгъэхэр щызэхуэхьэса и нэгъуэщI зы тхылъи. Тхьэм жиIэмэ, цIыхухэм мыгувэу яIэрыхьэнщ ари, и япэ тхылъым ещхьу ягу зэрырихьынум щэч кьытетхъэркъым.

МЫЗЫМ и тхылъыщIэм хигъэхьакъым ящыщщ «ЕщIэжьр а псори Урыху» жыхуиIэ повестыр. Мы тхыгъэр зэрыщыту гъэ кIуам ди журналым кьытехуащ, цIыхухэм ягу зэрыдыхьам щыхьэт техъуэ псалъэ гуапэ трахьыныху мызэмытIэу зэхэтхъжащ. Журналым щыхуэдгъэхьэзырым, набдзэгубдзаплъэу сэри сыщIэджыкIащ а повестым икIи сыдихьэхауэ, кIуэракъэ, а зытепсэлъыхь Iэхъум сыхэт кьыщыхъужурэ сыщIэкIащ. И Iэпсэкъэкки, и бзэкIи, зытеуахуа Iэхъугъуэхэм я инагъ-цIыкIуагъ ельытауи сэ а повестым дзэгъуэн лъэпкъ кьыхсуэгъэтакъым. ЕгъэлеиныгъэкIэ хэмыпIу жыпIэ хъунущ мыр: а повестым фIэкIа имыIами, Мыз Ахьмэд ТхакIуэхэм я союзым хэбгъэхьэ хъунт.

КIэщIу жыпIэмэ, Мызым иIэщ игурэ и щхьэрэ зэтелъу а Iэхъум тезыгъэгушхуэн, ТхакIуэхэм я союзым хэтхэми а гупыжыр щIыдаIыгъын творчествэ.

1979 гъэ лъандэрэ Мызыр Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щолажьэ къудамэм и унафэщIу, журналист Iэзэу, махуэ хэсхуэ жыхуаIэм хуэдэу и нэтын купщIафIэхэм додаIуэ. Ахьмэд и творчествэм нэрылъагъу щхьэу тхакIуэ Iэщ Iагъэмрэ журналист Iэщ Iагъэмрэ цIыху губзыгъэм хэварзынкIейуэ зэрызэриГъэкIуфыр, зыр зымкIэ нэхъ куу, нэхъ купщIафIэ зэрищIыфыр.

Аращи, сэ кьызолъытэ Мыз Ахьмэд ди Союзыр зытемыукIытыныхьи тхакIуэ хьэзыру, ауэ щыхъукIэ, а зэгуэхьэныгъэм хэгъэхьэн хуейуэ.

IУТIЫЖ Борис 1998 гъэм Мызыр КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгуэхьэныгъэм хагъэхьэн щхьэкIэ игъэхьэзыра тхыгъэщ.

И лэжьэгъуэхэм яхуту. *2007 гъэ*

Мыз Ахьмэд и пхъурылъху цIыкIу Ясминэ. *2013 гъэ*

Щlэщыгъуэт икIи удэзыхьэхт

(КIэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

- «Кавказ Джэгухэм» я етхуанэ зэхуэсыгъуэр Шэшэн Республикэм зэрыщекIуэкIым мыхьэнэ хэlэтыкIа иIэу сэ къызолъытэ, - жиIащ Меликов Сергей. - Дэ посми дощIж илъэс зыбжанэ и пэкIэ: «Грозным дэт стадионым цIыхубэм я гуфIэгъуэ зэхуэсышхуэ щекIуэкIынущ», - жаIэу зэкэтхамэ, ар фIэщщыгъуейуэ къыт-щыхъунущ зэрыщытар. Абы къыхэкIкIэ, уардэрэ Iэтауэ Iуэхугъуэ щхьэпэ мыбдежым щекIуэкIым зи гуащIэ хэзылъхьахэр нобэ дигу къэдгъэкIыжыпхъэщ. Ар, псом япэрауэ, мы махуэхэм дэ дыкъызыхуэт, Урысейм и Лыхъужь, хэкупсэ щыпкъэу щыта Кадыров Ахъмэт-хьэжащ. Аращ шэшэн лъэпкъыр зэзэщIэлIэж мамыр гъэзуи и лъабжьэр зыгъэтIылъар. Ди къэралыр ноби апхуэдэ цIыху гуащIафIэхэм яхуэныкъуэщ.

ЛIыщхьэжьи я къэпсэлъэныгъэхэм яужь, Урысейм щIэныгъэ я гимнэр стадионым щIыIауэ, Кавказ Ищхьэрэм и спортсмен цIэрыIуэхэм «Кавказ Джэгухэр-2014» фестивалым и бэракъ нэхъыщхьэр яIэтащ.

СпортымкIэ зэхьэзэхуэхэр лIэужьыгъуэ 12-кIэ зэхэгъэщхьэхукIауэ щыта: кIапсэм дэпщеинымкIэ, хьэлъэ къэIэтынымкIэ, тIэунейрэ, щэнейрэ лъэныкмкIэ, баш псыгъуэ кIыхьхэм тету къэкIухьынымкIэ, атлетикэ псынщIэмкIэ, хьэлъэ къехьэкIынымкIэ, бэнэкIэ лIэужьыгъуитIымкIэ, Iэпщэкlэ, кIапсэкIэ зэпекъуныкмкIэ, шабзэкIэ уэныкмкIэ, минифутболымкIэ.

Хуабжу удэзыхьэхт икIи нэгузыужьт кIапсэ зэпекъумкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэр. Стадионым иса цIыхухэм яхэбгъуэтэну къыщIэкIынтэкъым а напIэзэпIэм екIуэкI Iуэхугъуэм хэзгущIа.

Зэпеуэхэм къадэкIуэу, пщIантIэгъэлъэгъуапIэхэри къызэIуахат. Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгуэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр зыхуэдэр щагъэлъэгъуа утыкуэр щаухуар Кадыров Ахъмэт-хьэжы и цIэр зэрихьэу Грозным дэт «Шэшэным игу» мэжджыт нэхъыщхьэм и гупэм къит ут хуитышхуэращ. Хьэлэмэтт икIи гуапагъэт абыхэм удыхьэу зыщыпплъыхьынри, къыдэIукI макъамэ гуакIуэхэм уащIэдзэнри, лъэпкъ къэс я щIыкIэ-псэукIэр къызыхэщ хьэпшып, Iэмэпсымэ хуэдэхэм «яжь зыщIебгъэхуу», пщафIэхэм ягъэхьэзыра шхыныгъуэ IэфIхэм ящыщ зыIубгъэхуэнри. Дэнэкlи щIалэгъуалэр щыкуэдт. НэхъыжьыIуэхэри, уеблэмэ зи ныбжь нэхъ хэкIуэтахэри щымащIэтэкъым а пщIантIэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэщIапIэм а махуэм цIыху куэд щыпэкIуащ, абы къыщыIэрагъэпэща джэгушхуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа щIалэгъуалэм утыкур ягъэжьыфIащ.

Стадионым и пэ къит парк ихьэпIэми къыщызэIуахат концерт гъэлъэгъуапIэ. Чэзу къалъысым теухуауэ, абдежым щIыналъэ псоми икIа артистхэм узрэд щыжаIащ, къыщыфащ. ЛъакъуэрыгъажэмкIэ клубым (Мэзкуу къэлэ) хэт ныбжьыщIэхэм «Гъуащыщыр» зэрахуэгъэIуригъэм утым щызэхуэсахэр ирагъэпльащ.

Зэпеуэ удэзыхьэххэр ауха иужькIэ, мы гъэм Грозным щызэхэта «Кавказ Джэгухэм» щытекIуа команди 3-м я щIэ ирагъащ. Ялэ увыпIэр - Шэшэным, етIуанэр - Дагъыстэным, ещанэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым хуагъэфащащ.

«Кавказ Джэгухэр-2014» фестивалыр зэрызэхуащIыжым теухуа пшыхьымрэ гала-концертымрэ щекIуэкIар Сунжэ псым и Iуфэращ. Абы и пэщIдзэм, Грозным щызэхуэса зэхьихьэм зи командэ къезышэлIа хэгъуэгу псоми я делегацхэм дипломхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ иратащ. Концертым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ субъект псоми я художественнэ гупхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ. Жэщыр фIыуэ хэкIуэтауэщ щиужащ цIыху мин бжыгъэ зэкIуэлIа гуфIэгъуэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Налшык - Грозный

Зэрызагъэпсэхуам и зэранкIэ

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Тэрч-2» (Грозный) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Фокlадэм и 7-м. Цlыху 900 еплъащ.

Судьяхэр: Недвижай, Иванников (гIыри Ставрополь щыщIщ), Богданов (Волгоград).

«Спартак-Налшык»: Городовой, Науменкэ, Васильев, Михайлов (Мэкъуауэ, 46), КIыщ, Митин (Гузь, 60), Ахриев (Каркаев, 66), Къуэн 3. (Къуэн А., 63), Гъурф (Дыщэкl, 46), Бажэ, Гугуев.

«Тэрч-2»: Асаев, Адаев, Боршаев, Абубакаров, Гераев (Гарисултанов, 74), Янарсаев, Мутошвили, Батаев, Кадиев, Майсултанов (Асхабов, 32; Тохосошвили, 59), Багидов (Барзукаев, 87).

Дагъуэ хуащIащ Гузь, Гараевым, Кадиевым, Мэкъуауэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр 2014 - 2015 гъэхэм зэрыщекIуэкIынум и календарыр зэхэзыгъэувахэм етхуанэ джэгуГуэр «Спартак-Налшыкым» и зыгъэпсэхугъуэ яубзыхуащ. Абы и зэранкIэ ди щIалэхэм зыхэт гупым бжьыпэр щIэщIэкIащ икIи ерагъкIэ зэтраубла я джэгукIэрыр яфIэкIуэдащ.

ТхьэмахуитI и пэкIэ Владикавказ щыIэу «Алания»-р 3:0-у зэрыхагъэщIамрэ абы ипэжкIэ Мэхъэчкъалэ и «Анжи-2»-м а бжыгъэ ди дымкIэ зэрытекIуамрэ гъэфIхэр уагъэшIырт. АргъэкIэ зэрызагъэпсэхуа зэманым «Спартак-Налшыкыр» сыт и лъэныкъэкIи къригъэкIуэтэхащ. Хэт и гугъэнт зэхьэзэхэм къыщыкIэрыхухям ящыщ зы Грозн и ещанэ командэм (премьер-лигэм щыджэгу «Тэрчымрэ» абы и щIалэгъуалэ гупымрэ къажIэлъыкIуэм) ди футболистхэр Налшык щыпэмыльэщыну? Апхуэдэхэр мащIэт.

Хэгъэрейхэми я фIэщ хъужауэ къыщIэкIынут гугъу емыухьыщэми «Тэрч-2»-р хагъэщIэфыну. А Iуэху бгъэдыхьэкIэм фIы къызэримыкIыр иджыри зэ хьэкъ ттщыхъуащ. Абы щыгъуэми щэшэн фIэкIа зыхэмыт Грозн и командэм къикIуэтыну зигъэхьэзырэтэкъым. Сыти жыIи, джэгум и епщыкIуиянэ дакъикъэращ налшыкдзэхэр хьэщIэхэм я гъуэм япэу щеуар. Бажэ Амир иутIыпща топыр гуащхьэхъумэхэм ящыщ зым техуэри, угловойм кIуащ. Дакъикъитху нэхъ дэмыкIыу бжыгъэр къызэIуахыным зымащIэщ иIэжар - Гугуев Магомед зэуа топыр гъуэм и пкъом техуащ.

Къыпщыхъунут иджы «Спартак-Налшыкым» Шэшэным и футболистхэм я щхьэр кърамыгъэIэтыну. ИкIи хэт ищIэнт Iуэхур зэрыхъунур, зэIущIэм и япэ Iыхьэр щиух дыдэм Гугуевыр хьэщIэхэм я гъуэм пэгъунэгъуу щрадам, судьям пенальти иригъэуамэ. Арщхьэкlэ ар тегушхуакъым.

Загъэпсэхуауэ къыщихьэжым налшыкдзэхэм я тренерхэм я футболиститI яхъуэжащ. Дыщэкl Аслъэнрэ Мэкъуауэ Залымиз джэгуи жьыджэрагъ хальхьащ, ауэ ари ирикъуакъым ди щIалэхэм текIуэныгъэр кърахыну. Псом хуэмыдэу «Спартак-Налшыкыр» абы пэгъунэгъу хъуат 72-нэ дакъикъэм. Бажэ Амир угловой къыхита иужькIэ налшыкдзэхэр щэнейрэ зэкIэлъхьэужьу «Тэрч-2»-м и гъуэм шынагъуэу еуащ. Арщхьэкlэ хьэщIэхэм я гъуащхьэтетым абыхэм къаригъэзэщащ. Абы иужькIэ ди щIалэхэри ужьхьыжащ. Арати, бжыгъэр къызэIуамыхауэ джэгур ихуащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы зэIущIэм еплъыну къэкIуа цIыху бжыгъэр зэрынэхъ мащIэр, махуитху ипэкIэ зэхэта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокым и финалым къринкъэлIам нэхъ-рэ. Ари зэгупсысыпхъэхэм ящыщу къыщIэкIынущ, псом хуэмыдэу «Спартак-Налшыкым» и фащэр щитIэгъэну зыхуагъэфащэхэр къыщыхахым и деж.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым хэт адрей командэхэр иужьу зэрызэдэджэгуам къаригкIуа бжыгъэхэм: «**Анжи-2**»(Мэхъэчкъалэ) - «**Динамо-ГТС**»(Ставрополь) - **0:1**, «**Алания**»(Владикавказ) - «**Ротор**»(Волгоград) - **2:2**, «**Ангушт**»(Нэзрэн) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**»(Псыхуабэ) - **3:0**, «**Таганрог**»(Таганрог) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **1:0**.

Фокlадэм и 13-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Волгоград къалэм щыIущIэнущ абы и «Ротор»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр. 2 гуп

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1.	«Динамо-ГТС»	5	3	2	1	6-1	11
2.	«Таганрог»	5	3	2	0	5-2	11
3.	«Ротор»	5	2	2	1	8-7	8
4.	«Спартак-Налшык»	4	2	1	1	8-3	7
5.	МИТОС	4	2	1	1	7-2	7
6.	«Ангушт»	5	2	1	2	7-7	7
7.	«Тэрч-2»	5	1	2	2	2-3	5
8.	«Алания»	4	1	1	2	5-8	4
9.	«Анжи-2»	5	1	1	3	3-7	4
10.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	4	1	1	2	3-7	4
11.	«Астрахань»	4	0	0	4	2-9	0

● ЩIэ

Тхыдэм и напэкIуэцI

Джылахъстэней щыналъэм и нобэрей псэукIэр наIуэ къэзыщI лэжьыгъэ иджыблагъэ къыщыдэкIащ Котляровэ Викторрэ Мариерэ я тхыльэ тедзапIэм.

«ТЕРСКАЯ земля» сурэт альбомыщIэм къыщыгъэлъэгъуащ а щыгIэм мэкъумэшым, егъэджэныгъэм, промышленностым, щэнхабзэм, спортым, узыншагъэр хъумэным, нэгъуэщI IэнатIэхэми иужьрей зэманым зэрызыщужьымрэ апхуэдэ псэукIэр зэтезыубла гуащIэрыпсэухэмрэ.

«Аэрщ - Iэщыхъуэхэр, щIым елэжьхэр, ухуакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, цIыху къызэрыгъэкIэр - ди лъапIэныгъэ нэхъыщхьэр», - щыжеIэ альбомым и пэублэ псалъэм Тэрч муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ ПэнагуэМаксим.

Тхыльым ди нэгу къыщIегъэувэ Джылахъстэнейм и Тэрчыпс уэрыр, губгъуэ хуитхэр, гъавэ бэвыр, щIэблэ Іущыр. Абыхэм нобэрей гъащIэр къахощ, илъэсхэр дэкIмэ, ар тхыдэм и напэкIуэцI хъунущ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Медаль лIэужьыгъуэ псори къахь

● Пауэрлифтинг

Иджыблагъэ Мэзкуу щекIуэкIащ пауэрлифтингымкIэ (AWPS версие) дунейпсо чемпионат, спортсмен 1000-м щIигъу зэхуэзышэсар. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр абы щахъумащ республикэм икIа цIыхуи 7-м.

- ДИ СПОРТСМЕНХЭМ зэфIэкI лъагэ къагъэлъэгъуащ, дыщи, дыжьыни, жэзи зыIэрагъэхьащи, абыхэм дрогушхуэ, - жиIащ зэхьэзэхуэм къикIуэхэмкIэ къыддэгъуэша, республикэм ПауэрлифтингымкIэ и федерацэм и унафэщI Гъубж БетIал.

Зэхьэзэхуэм и япэ махуэм «Пауэрлифтинг» дисциплинэм илъэс 13 - 19 зи ныбжьхэм я деж дунейпсо чемпион щыхъуащ псори зэхэту килограмм 532,5-м пэлъэща Щокъуий Анзор. Килограмм 75-рэ хьэлъэгъ зиIэ, илъэс 16 - 17 ныбжьым иг спортсменхэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Гъубж Iэдэм.

Ещанэ махуэм щылъу штангэр къэгъэIурыщIэныкмкIэ зэпеуэм Богдановэ Маринэ дыжьын медаль къыщихьащ икIи спортым и мастерым и мардэхэр игъэзэщIащ. Республикэм щыщу а лIэужьыгъуэмкIэ спортым и мастер хьуа етIуанэ пщащэщ Маринэ. Фигу къэдгъэкIыжыщи, КъБР-м и цIыхубзу япэу пауэрлифтингымкIэ спортым и мастер хъуар Богдановэм и тренер Токаревэ Натальещ.

Чемпионатым и кIэух зэхьэзэхуэхэм ди спортсменхэм медаль зыбжанэ щызыIэрагъэхьащ. Илъэс 13 - 19 хъу ныбжьыщIэхэм я деж Вэрокъуэ Рустам ещанэ увыпIэр къыщихьащ икIи дунейпсо классымкIэ спортым и мастерым и мардэхэр игъэзэщIащ. Унэж Мэрем (кг 100-м нэблагъэ) етIуанэ увыпIэр лъысащ.

Илъэс 20-23-рэ зи ныбжь щIалэгъуалэм я зэпеуэм Мысостышхуэ Ислъавм дыжьын, Хьэмгъуокъу Залым жэз медалхэр къыщахьащ. Абыхэми дунейпсо классымкIэ спортым и мастерым и мардэхэр ягъэзэщIащ.

ЕхъулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьа ди спортсменхэр чемпионатым хуагъэхьэзыращ тренерхэу Токаревэ Натальерэ Унэж Владимиррэ.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.



● КъБР-м и прокуратурэм

КIэнауэр ягъэкъабзэ

Iуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм къыпщытащ «Прохладнэ - Бахъсэн - Iуащхьэмахуэ» А-158 федеральнэ автомобиль гъэзугъм и 66+373-нэ километрым хуэзэ ятIэпс кIуапIэ кIэнауэр зэхьэзэхуэм я шынагъуэнщагъэм и Iуэхукlэ законодательствэр зэрагъэзащIэр.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, гидротехникэ ухуэныгъэр ятIэпсым зыздихьхэм якудащ. Абыхэм автомобиль лъэмыжыр ямыкъутэн, апхуэдэу гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщын щхьэкIэ, кIэнауэр ягъэкъабзэн хуейщ.

Iуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм жэрдэм къыщыхьащ. Абыхэми ди щIалэхэр къыщыхьащ. Унэж Мэрем (кг 100-м нэблагъэ) гъэпэщын щхьэкIэ, кIэнауэр ягъэкъабзэн хуейщ.

Iуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм жэрдэм къыщыхьащ. Абыхэми ди щIалэхэр къыщыхьащ. Абыхэмрэ Унэж Мэрем (кг 100-м нэблагъэ) етIуанэ увыпIэр лъысащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м Следствэмкlэ и къудамэм къызэрихутамкIэ, Iуэхущ Iапl Iэм хабзэкIэ и сэбэп зыхэлъхэм емыIаIэу и къулыкъур щхьэхуэщагъэкIэ кьигъэсэбэпри, IэнатIэм и Уставымрэ лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбелджылаэр къызэпиудащ, мелуан бжыгъэкIэ щIыхуэ зэрателъыр къримыдэу, зыкIэщIиупщIэн мурадкIэ, езырмэ предприятэм и аппаратымрэ мазэ улахуэм щIыгъуу саугъэт папщIэу хуимыту ахъшэ захуэкIэщIригъэтхащ. Ардыдэмкlи я Iуэхущ Iапl Iэм сом мин 983-рэ хэщIыныгъэу къыхуихащ.

Ягъэхъуаншэм зэхиущIыхьамкIэ зиумысыжакъым, ахъшэри хилъхьэжакъым.

Уголовнэ Iуэхур Прохладнэ район судым ираташ.

ЗэхиущIыхьам папщIэ, абы илъэсищым нэс къехь, къищынэмыщIауэ, апхуэдизэ зэманкIэ къулыкъу хэха иратыну, аэжьыгъэ пыухыкIа иригъэкIуэкIыну хуиткъым.

КъБР-м щыIэ МВД-м Следствэмкlэ и къудамэм къызэрихутамкIэ, Iуэхущ Iапl Iэм хабзэкIэ и сэбэп зыхэлъхэм емыIаIэу и къулыкъур щхьэхуэщагъэкIэ кьигъэсэбэпри, IэнатIэм и Уставымрэ лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбелджылаэр къызэпиудащ, мелуан бжыгъэкIэ щIыхуэ зэрателъыр къримыдэу, зыкIэщIиупщIэн мурадкIэ, езырмэ предприятэм и аппаратымрэ мазэ улахуэм щIыгъуу саугъэт папщIэу хуимыту ахъшэ захуэкIэщIригъэтхащ. Ардыдэмкlи я Iуэхущ Iапl Iэм сом мин 983-рэ хэщIыныгъэу къыхуихащ.

ЦIыхум къыщхьэщыжу

КъБР-м и прокуратурэм зэхигъэкIащ Iэмальныншэу зыхуей хущхъуэхэмкIэ налшыкдэс Л. и чэзум къыщIызэрамыгъэпэщым и щхьэусыгъуэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Конституцэм и 41-нэ статьям и япэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, и узыншагъэр ихъумэну, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зригъэгъуэтыну дэтхэнэри хуитщ. Узыншагъэр хъумэныкIэ къэрал, муниципальнэ Iуэхущ Iапl Iэхэм зыхуэфащэ бюджетым, страховой взносхэм, нэгъуэщI Iуэ зэхуэхьэсхэм я хьэкъкIэ, цIыхухэм щIIэнщэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щрат. Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм зыхуэзыгъэза Л. ныкъуэдыкъуэхэм я учетым щытщ икIи, «Къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэм и Iуэхукlэ» 1999 гъэм бадзэуэгъэуэ и 17-м къыдэкIа Федеральнэ закон №178-м ипкъ иткIэ, хущхъуэхэкIхэри хэту, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм льготэкIэ хьыхь псори къыIихыну кутащ.

УФ-м и ГПК-м и 45-нэ статьям зэрыжиIэм хуэдэу, зыхуэпIащIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хущIэн, цIыхум и правахэр, и хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ и сэбэп зыхэлъхэмрэ яхъумэн папщIэ, республикэм и прокурорым судым зыхуигъэзащ.

Налшык къалэ судыр сабий ныкъуэдыкъуэ Л. къызэрыщхьэщыж иск тхылъым арэзы техуащ икIи Узыншагъэр хъумэныкIэ министерствэм пщэрыль щащIащ Iэмальныншэу зыхуей хущхъуэхэкIэ ар къызэригъэпэщыну.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iапl Iэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Жьэкlэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапl Iэхэм ядолжбэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl Iэм -42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зыгъэхэм иэу жэуап яIэщ, редактор Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Инэ

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м IечатымиятIуэныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl Iэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елажьхащ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эдэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплэр ищIащ* **Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3.245●Заказ №1762